# Нобэ Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэщ

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№184 (23.342) ● 2016 гъэм фокІадэм (сентябрым) и 20, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

## Адыгэхэм я махуэм ирихьэлІэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А. и къуэхъу

Ныбжьэгъу лъапІэхэ!

Си гуапэу сыныбохъуэхъу Адыгэхэм я махуэмкІэ!

Мы гуфІэгъуэр и дамыгъэщ кьыльыкъуэкІа гъэунэхуныгъэ инхэм щхьэкІэ къэмынэу и лъэпкым и къуэпсхэр, бзэр, щэнхабзэр, зэхэщІыкІыр зыхъыумэфа адыгэ лъэпкъым къыкІуа тхьидэ гъэугуанэм. Мы зэманым адыгэхэр щІы хъурейм и щІыпІэ зэмылІэужьыгъуэхэм щопсэу икІи лъэпкъ хабзэхэр хуэсакъыу зэрахъумэр, мамырыгъэм, гуапагъэм, захуагъэм и телъхьэу зэрыщытыр дэни щагъэлъагъуэ, экономикэм, егъэджэныгъэм, щэнхабзэм, спортым зегъэужьыным зэрахуэфэщэнкІэ холэжьыхь.

Адыгэхэм я тхьидэр кьыгуэхьипІэ имыІэу пыщІащ лъэпкъ куэд щыпсэу Урысей Федерацэм и гъащІэм. Зэман нэхъ хьэпъэжэн дэ къыптпыкъуэкІа гъэунэхуныгъэхэм зэщІыгъуу дыкьыхэкІащ икІи къэралым и къэкІуэнур нобэ дызэщІыгъуу зэтыдогъэувэ.

Мы махуэшхуэм - Адыгэхэм я махуэм - Къэбэрдей-Балъкъэрым ис лъэпкъхэм я зэкъуэтныгъэр гъэбыдэным, ди экономикэ зыужьыныгъэр къэІэтыным, зэхэщІыкІымрэ акъылымрэ гъэбагъуэным хуэгъэзауэ хэкІыпІэщІэхэр кьыдзэрызэІуихьнум шэч хpetесьэркьым.

Си гуапэу сыныбохъуэхъу мамырыгъэ, фІыгъуэ, насып, ефІэкІуэныгъэ фиІэну.

## КІуэкІуэ Юрий: Урысейм фІэкІа, адыгэхэм езыхэм я къэралыгъуэ щаІэ хэку дунейм зэрытемытыр къыдгурыІуэн икІи абы пщІэ хуэтщІын хуейщ

### Налшык къыщызэІуахащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и XI Конгрессыр

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къалащхьэм и пІалъэр къэмысауэ дыгъуасэ кьыщызэІуахащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и XI Конгрессыр. Бэрбэч Хь. М. и щІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и конференц-пэшым щызэхуэсащ Европэм, Тыркум, Иорданием, Сирием, Израильм, Абхъазым я лЫкІуэхэр, Краснодар, Ставрополь крайхэм, Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым, Къэбэрдей-Балъкъэрым я къэрал властым и органхэм я лЫкІуэхэр, а щІыналъэхэм щыІэ адыгэ зэгухьэныгъэ нэхъыщхьэхэм я унафэщІхэр, Олимпиадэ-2016-м щытекІуа Мудрэн Беслъэн, абы дыжьын медалыр кьыщызыхьа Джэду Іэниуар сымэ. ЗэІущІэр кьызэІуахащ Урысей Федерацэм и гимнымрэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и гимнымкІэ. Конгрессым хэтхэм я пащхьэ кьыщыпсэлъащ КІуэкІуэ Юрий:**

Ныбжьэгъу лъапІэхэ!

Ди тхьидэм зэи кьыщымыхъуауэ, дунейм и щІыпІэ зэмылЫужьыгъуэхэм кьикІри адыгэхэр илъэс тІощІрэ тхурэ япэкІэ Налшык кьыщызэхуэсауэ икІи лъэпкыр хьума хъуным, абы зиужьыным телъэкьын папщІэ Дунейпсо Адыгэ Хасэ кьызэрагъэпэщауэ щытащ. БлэкІа лЗащІыгъуэ плІанэр щыкъэт техьауэ ар тэмэму зэрыщытым. Иджыпсту жыпІэ хъунущ Дунейпсо Адыгэ Хасэр кьызэрызэрагъэпэщар адыгэхэм я тхьидэм кьриубыдэу ялэжьа Іуэху нэхъыфІ дыдэхэм зэращыщыр. ДАХ-м и Конгрессым, Хасащхьэм пщІэшхэр яІэ хъуащ лэжьыгъэшхуэ зэрырагъэкІуэкІым кьыхэкІыу, ар Урысей Федерацэми, адыгэхэр зэрыІыгъыу щыпсэу адрей къэралхэми кьыщалытэ.

Адэжь щІыналъэм - Къэбэрдей-Балъкъэрым - щызэхуэсахэм си гуапэу сыныбохъуэхъу Дунейпсо Адыгэ Хасэр кьызэрызэрагъэпэщэ илъэс тІощІрэ тхурэ зэрырикьумрэ пщэдейрей махуэшхуэмкІэ - Адыгэхэм я махуэмкІэ.

Ныбжьэгъу лъапІэхэ!

БлэкІа илъэсхэм нэхъыбэу зи Іуэху зэрахуар адыгэбзэмрэ адыгэ щэнхабзэмрэ хьумэныр арамэ, иджы дэ нэхъ хэхуэу дегупсысын хуейщ зэманым кьиргъувэкъм езэгъыу лъэпкъым и зэхэщІыкІым зегъэужьыным зэрагъэужьыным. Ди къэралым и къэрал властым и зэхьэуэтыныгъэр гъэбыдэныр хуэгъэзауэ зэманым кІыхьым тещІыхьа политикэ убзыхуным.

Иужьрей илъэсхэм зэрыщыту дунейм абы и щІыналъэ щхьэхуэхэми щекІуэкІ Іуэхуэхэм лъэпкъэхэм къэралхэми я пащхьэ кьалэныщІэхэр кърагъэувэ. Дэ ди кьалэнщ апхуэдэ Іуэхуэхэр кьызэрызэдгэкІыным дыхуэхьэзыру дыщытыну икІи адрей лъэпкъхэми ещхьу, тэмэму дыпсэун икІи зыдужьын зэрытхуэзэфІэкІынур кьэдгъэлъэгъуэну.

Глобализацэм пыщІа Іуэхуэхэм дунейм къэралу тетым кьалэн зэмылЫужьыгъуэхэр кьахудокІуэ. Зы лъэныкъуэкІэ кьэпщтэмэ, абыхэм Іэмал инхэр кьызэІуах. Къэбгъэльэгъуэну иригъэкъунщ дуней псом щызэбгрыдза адыгэхэм зызэпащІэныкІэ спутникхэр кьэзыгъэсбэп телевиденэм, интернетым кьат Іэмалхэр. Абыхэм кьадэкІуэу глобализацэм дыщыхуишэ щыІэщ лъэпкъхэм я кьыхэщхьэхуКІыныгъэхэр кьэмылъэтэным икІи абы кьыхэкІыу ди лъэпкъ хьэлщэнхэр тфІэкІуэдынкІэ хъунущ. Аращ глобализацэм и фІыгъуэ псори кьызэрыдгъэсэбэпным, ауэ ди лъэпкъ лъабжьэхэр зэрытхуэныкъуэ щІыхуэр. Дэ дызэрыс къэралхэм я щІыхуэу дызэрыщытым, дуней псом зыкьыпыдмыгъэщхьэхуКІыу дызэрыпсэум, япэкІэ дызэрыкІуатэм кьыдэкІуэу адыгэу дыкьэнэжьын хуейщ.

Адыгэхэр сыт хуэдэ щІыналъэм щымыпсэуми, дэ сытым дежи пщІэ хуэтщІын икІи кьыдгурыІуэн хуейщ Урысейр ди адэжь щІыналъэу зэрыщытым кьыдэкІуэу, адыгэхэм езыхэм я къэралыгъуэ щаІэ икІи Іэзэ, лъэпкъ щэнхабзэр, хабзэхэр хуэмэныкІэ шэсыпІэхэр кьыщызэгъэпэща къэралу дунейм а зым фІэкІа зэрытемытыр. Адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, псом япэу, Дунейпсо Адыгэ Хасэм хэтхэм, ди къэралми, адыгэхэр зэрыІыгъыу щыпсэу адрей къэралхэм Урысей Федерацэм и политикэр нэхъ жыджэру даІыгъын икІи зыхуэфащэ къэрал, жылагъуэ Іуэхуэщапэхэр абы папщІэ нэхъ нэгъэсауэ кьэгъэсэбэпын хуейщ.

Ди лъэпкым и Іуэхуэ рефІэкІуэным тхуэзфІэкІ псори зэрыхуэдцэтІым кьыдэкІуэу, дэ нобэ зыщыдгъэгъупщэ хьунукъым ди адэжьхэм кьалыныкъэкІа гугъуехьэхэр икІи тхьидэм нэхъ кууэу дыщыгъуазэу дыщытын хуейщ. Дунейпсо Адыгэ Хасэм и япэ зэІущІэхэм кьыщегъэжьауэ а Іуэхуэр куэдрэ кьаІэтащ. Къэгъэльэгъуапхъэщ тхьидэмкІэ ди щІэныгъэлІхэм я зэманым кьриубыдэу лэжьыгъэ хьарзынэхэр зэрызэфІагъэкІар. КъэхутэныгъэщІэу щэбжьгъэхэр кьытрадзащ, тхьидэр зэрадж тхьилъэр кьыдагъэкІащ, узэщІакІуэ Іуэху зэмылЫужьыгъуэхэр иратэ кІуэкІащ. Мыхьэнэщхуэ зиІэ я Іуэхуэм адэкІи пыщІн хуейщ.

Ди лъэпкъэгъуэхэм, нэгъуэщІ къэралхэм исхэри абыхэм яхэту, нэхъыбэрэ датетхъыкІынхъщ. Мыбдеж зи гугъу щІын хуейр лъэпкъыр фІыуэ ялъагъу хуэдэу psaльэ нэхъ дахэ дыдэхэр, ауэ купщІэ зыхэмылъэр, зыгъэІуэхэмрэ ямыгъэзэщІэну кьалэнхэр утыку кьызылъхьэхэмрэкъым, атІэ я лэжьыгъэ пыуукІамкІэ, Іуэху хэхамкІэ, я дуней тетыкІэкІэ адыгэ лъэпкым и щІыхьыр зыІэтхэрэ. Абы кудкІэ епытащ адрей лъэпкъхэм адыгэхэм къраплъыну фэр зыхуэдэри.

И мыхьэнэр зикІ нэхъ машІэ хъуакъым адыгэ псоми я зэхуэдэ тхыбзэ зэтегъэувэнми. Ар фІэкІыпІэ зимыІэ Іуэхуу зэрыщытым икІи абы папщІэ Іэмал псори зэрыщыІэм теухуа псалъэмакъэхэр илъэсипщІ бжьигъэ хъуауэ йокІуэкІ. А зэманым комиссэ, лэжьакІуэ гуп зэмылЫужьыгъуэхэр кьызэрагъэпэщащ. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъуащ, зэрыригъаджэ тхьилъэр, газетэр, журналхэр, адрей зэмылЫужьыгъуэхэр иратэ дагъэкІыр адыгей, шэрджэс, къэбэрдей тхыбзэхэрщ икІи абы адыгэ псори, хэхауэ кьапщтэмэ - нэгъуэщІ къэралхэм щыІэ диаспорэхэр, хуабжьу гугъу иригъэхь икІи бзэр джыныпэ абы зегъэужьныныкІэ лъэпощхьэпо куэд кьыдокІуэ. ДАХ-м и Хасащхьэ кьызэрызэрагъэпэщэ абыи мы Іуэхум зыри хищІыхьыфакьым. КьызэрыслъытэмкІэ, и чэзу хуэдэ адыгэ псоми я зэхуэдэ тхыбзэ кьызэгъэпэщынымрэ щІадзэу елэжьыну. Абы папщІэ властым и органхэми, щІэныгъэ ІуэхущапІэхэми, литературэхэми, егъэджакІуэхэми кьарууэ ябгъэдэлъэу зэщІагъэуІуэн хуейщ. Сэ ДАХ-м и Хасащхьэм сольэІу мыхьэнэшхуэ зиІэ а лэжьыгъэм и убзыхуакІуэу кьэувыну. Дэри а Іуэхуэр пхьэкІыныкІэ сыт и лъэныкъуэкІи зыфщІэдгъэкъуэнущ.

КьызэрымыкІуэ ди тхьидэр ижь-ижьыж лъандэрэ псом япэу зыпыщІар урыс лъэпкым и гъащІэрщ. ПсэзэпльхьэпІэ зэманхэм дэ тэмэму дыкьыхэкІащ ди зэныбжьэгъугъэр гъэунэхуа щыхьуа Іуэхуэхэм икІи ар и лъабжьэу зэрыщэздзажьэр идогъэфІакІуэ икІи дызэрызэгурыІуэр, пщІэ зэрызэхуэтщІыр адэкІи догъэбыдэ.

А псоми кьадэкІуэу кьыхэзмыгъэщу хъунуукым иужьрей илъэсхэм дуней псор кІуэтэху нэхъ зыгъэпЕйтей Іуэхур. Ар национализмэм, шовинизмэм, политикэ, дин экстремизмэм я Іэужьхэр кьыкьуэкІыу зэрыхуежьарщ. Дэ апхуэдэ егъэлеиныгъэхэр кьэдгъэхъу хъунукъым. Терроризмэм и идеологиемэ тэмэму икІи зэкІэпльыкІуэу дыпэщІэтыныкІэ зыхуэфащэ псори длэжьын хуейщ.

ХьэКІэхъуэкІагъэм, цивилизацэхэмрэ динэхэмрэ я зэгурымЫуэныгъэр зэщІэгъэстыным дэ пэщІэдгъэувэн хуейщ а икІагъэхэр кьэмыгъэхъуныкІэ тхэпь тегушхуэныгъэр икІи абы и лъэныкьуэкІэ ди кьарум и хэкІыпІэу щытыпхъэр ди лъэпкъ зэхэщІыкІым и хьугъуэфІыгъуэхэр.

Радикализмэм кьихьыкІэ хъуну псори нэрылъагъу кьишІащ Сирием и щапхъэм. КьызгуроІуэ а къэралым щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм я Іуэхуэр адэкІэ зэрыхьунум псори зэрытегушІэрыхьыр.

А щІыналъэм щыІэ щытыкІэр зэтес щІыжьыным и лъэныкьуэкІэ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир иригъэкІуэкІ политикэр дэ сыт и лъэныкьуэкІи дыдоІыгъ икІи ди лъэпкъэгъуэхэм ящыщу Сириер зыбгынэн хуей хъуэхэм зэрытхуэзэфІэкІкІэ даэрыдзІэпыкъуным яужь дитщ.

Ди лъэпкым и зэкъуэтныныгъэр хьумэныр дэ тщыщ дэтхэнэ зыми елытащ. Адыгэхэр къэрал зэмылЫужьыгъуэ куэдым щопсэу икІи, ахэр дэнэ щымыІэми, зэпІэзэрытныгъэр, ныбжьэгъугъэр хьумэным, экономикэмрэ щэнхабзэмрэ зегъэужьыным я хущІокъу. А псоми кьадэкІуэу дэ дегъэпЕйтей адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэ щхьэхуэхэм яку зэгурымЫуэныгъэ щхьэхуэхэр кьыдзэрыщыхьум. Ар тегъэщІапІэ ящІынкІэ хъунущ геополитикэ мурадхэр дэгъэкІыным хуэгъэзауэ адыгэхэр аргуэру кьагъэсбэпын папщІэ. Апхуэдэ кьэдгъэхъуну дэ дыхуиткьым. Дэ кьыдгурыІуэн хуейщ псынщІэу зызыужь икІи зызыхьэуж дунейм зэгурымЫуэныгъэхэм шІынагъуэ зэрапылъыр икІи абыхэм гуэвэгъуэхэр кьарикІуэнкІэ зэрыхьунур. Абы и щхьхьэт наІуэщ ди тхьидэр.

Иджыпсту гъащІэр зэрекІуэкІыр аращи, сыт хуэдэ псэуКІэми и лъабжьэ нэхъыщхьэр экономикэрщ. Абы и лъэныкьуэкІэ жысІэну сыхуейщ ди лъэпкъэгъуэр нэхъ зэрыЫгъыу щыпсэу кьаралхэм яхуди Іэ тхьидэ зэпыщІэныгъэхэр кьэдгъэсбэпурэ, абыхэм сатум, экономикэм я лъэныкьуэкІэ даэзэрыпыщІам зедгъэужьыну Іэмал псори зэрыдиІэр. Ар нэгъэсауэ йозэгъ Урысей Федерацэр нэгъэщІ къэралхэм зэрапыщІам зегъэужьынымкІэ къэрал политикэм. Ди республикэр хуэзІухащ фэ фыкьыздикІа къэралхэм Іуэху щызезыхьэ гупхэм лъэныкьуитІми я сбэп хэлъу ядэлэжьэнымкІэ сыт хуэдэ проектми.

Экономикэм и Іэнатіэм щызэдэлэжьэныр зэтегъэувэным кьыдэкІуэнущ щэнхабзэ-тхьидэ зэпыщІэныгъэхэри къэІэтыныр. Дэ адэкІи зэрытхуэзфІэкІкІэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм зыщІэдгъэкъуэнущ адыгэхэм я щэнхабзэ хьугъуэфІыгъуэхэр хьумэным икІи абыхэм зегъэужьыным, правительствэхэм я унафэм щІэмыт Іуэхущапіэхэм зэрадзлажьэр егъэфІэкІуэным хуэгъэзауэ къэрал органхэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэр щІэгъэхуэбжьэнымкІэ.

Си псальэм и кІэуэкІу аргуэру зэ кьыхэзгъэщхьэхуэкІыну сыхуейщ зэманым Іуэху мытынщхэр икІи жэуапльныгъэ зыпылъэр кьызэрытхуигъувыр. Щэч кьытесхьэркъым зэманым кьыдэкІуэ зи чэзу гугъуехьэр ди кьару зэхэлъкІэ кьызэрызэздзкІуэ зи чэзу гугъуехьэр ди кьару зэхэлъкІэ кьыщыгъэльэгъуар, апхуэдэу «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и органхэмрэ щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэмрэ хьыбархэр зэрызэрагъакІуэ сеть зэгуэтым и Іуэхуэкіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2016 гъэм бадзэуэгъуэм и 8-м хьищта унафэмрэ гъэзэщІэн мурадкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

1. ПсэупІэмрэ коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэмрэ я уасэхэр тынымкІэ щІыхуэм социальнэ дэІэпыкъунымрэ езыт Іэнатіэм хиубыдэ организацэхэр зэрызэхуажэ Хабзэр къэщтэн мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

2. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэу цІыху гуп щхьэхуэхэм псэупІэмрэ коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэмрэ я уасэхэр тынымкІэ щІыхуэм трагъэкІуэдэ ахьшэр мазэ къэс зэрыхуапынымрэ Хабзэм и Іуэхуэкіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2009 гъэм мазаем и 6-м къыдигъэкІа Унафэ №14-ПП-м хальхьэ зэхъуэкІынигъэхэр кьэщтэн мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

3. Мы унафэм кьару егъуэт официальнэу кьыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІ МУСУКОВ Алий**

## Урысейм и Президент Путин Владимир Налшык щыщ хэхакІуэм къекъуэкъуащ абы и ныбжьыр илъэси 100 зэрырикъуамкІэ

**УФ-м и Президент Путин Владимир Налшык щыщ хэхакІуэ Сыжажэ Аслъижан илъэси 100 зэрырикъуамкІэ екъуэхъуащ.**

«УЭ УАЩЫЩІ зауэ лъэхъэнэм и гъэунэхуныгъэ хьэлъэр зи нэгу щІэкІа, къэралыр зэфІэзыгъэувэжа, абы и лъабжьэу нобэми къэдгъэсэбэпыр зыгъэтІылъа щІэблэ гъэзэджэ. Уэ къэпкІуа гъэугур, Хэкур фІыуэ зэрыплъагъур, абы и Іуэху псори уэри уи Іуэхуу зэрыщытыр щІалэгъуалэм, дэ псоми ди дежкІэ щапхъэ нэсщІ», - итщ хъуэхъум.

Сыжажэ Аслъижан апхуэдэ псалъэ гуапэхэм папщІэ Урысейм и Президентым фІыщІэ хуищІащ, къэралым и Іэтащхьэм и зэманри къарууэ иІэри зытригъэкІуадэ лэжьыгъэм екъупІэныгъэ инхэр кьыщихьыну екъуэхъуащ.

● Хэхыныгъэхэр-2016

## Бжьыпэр зыІыгъхэр наІуэ къохъу

**ФокІадэм и 18-м екІуэкІа хэхыныгъэхэм къарикІуахэм дыгъуасэ щыхэплъэжащ КъБР-м и Хэхакіуэ комиссэм. Абы и тхьэмадэ Джэш Вячеслав дызэрыщигъэгъуэзамкІэ, хэхыныгъэм цІыху 483776-рэ екъеКІуэлІащ, ар хэхакІуэхэм я процент 90,11-рэ мэхъу.**

УРЫСЕЙ Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и еблана зэхуэсыгъуэм кІуэну зыкъызэгъэпэлъэгъуахэм ящыщу пашэныгъэ зыубыдар Щхьэгуэш Адэлбийщ. Абы и щІэкІэ процент 50,13-м Іэ яІэтащ, (цІыху 241 626-м). Адэкіэ къыкІэлъокІуэ Пащты Борис - процент 18,8-рэ (цІыху 90 628-рэ), Токъуэ Руслан - процент 15,86-рэ (цІыху 76 431-рэ), Щхьэгъэпсо Сэфарбий - процент 14,78-рэ (цІыху 71261-рэ), Жылэ Хьэсэн - процент 0,14-рэ (цІыху 661-рэ), Шаваев Камал - процент 0,11-рэ (цІыху 526-рэ), Цумаев Муса - процент 0,10-рэ (цІыху 496-рэ), Султановэ Айшат - процент 0,07-рэ (цІыху 325-рэ).

Политикэ партхэм ящыщу республикэм щыпсэухэм я дзыхь зрагъэзу къагъэльэгъуар «Урысей зэкъуэтырщ». Абы папщІэ хэхакІуэхэм я нэхъыбэм, процент 77,71-м, Іэ яІэтащ. «Урысей Федерацэм и Коммунист партым» и телъхьэщ процент 18,9-рэ, «Захуагъэ здэщыІэ Урысейм» - процентри 2,09-рэ. Адрейхэм хэхакІуэхэм я зы процент кьахуэхьакъым.

Джэш Вячеслав кьызэрыхигъэщамкІэ, хэхыныгъэхэр хабзэм тету, шынагъуэншэу екІуэкІащ.

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм гу зылъатапхъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зи чэзу зэІущІэр 2016 гъэм фокІадэм и 29-м екІуэкІынущ.

ЗэІущІэр кьыщызэІуахынур сыхьэти 10-рщ.

***КъБР-м и Парламентым и пресс-ІуэхущІапІэ.***

**ПсэупІэмрэ коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэмрэ я уасэхэр тынымкІэ щІыхуэм социальнэ дэІэпыкъунымрэ езыт Іэнатіэм хиубыдэ организацэхэр информацэкІэ зэрызэхуажэ Хабзэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2009 гъэм мазаем и 6-м къыдигъэкІа Унафэ №14-ПП-м зэхъуэкІынигъэхэр хэльхьэнымрэ я Іуэхуэкіэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

*2016 гъэм шыщхьэуІуэм и 26-м* *Налшык къалэ*
*№165-ПП*

«Урысей Федерацэм ПсэупІэмкІэ и кодексымрэ Урысей Федерацэм и закон акт щхьэхуэхэмрэ зэхъуэкІынигъэхэр хэльхьэным и Іуэхуэкіэ» 2015 гъэм мэкъуаущІэм и 29-м кьащта Федеральнэ закон №176-ФЗ-м псэупІэмрэ коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэмрэ я уасэхэр тынымкІэ щІыхуэм зегъэужьыным, апхуэдэу «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и органхэмрэ щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэмрэ хьыбархэр зэрызэрагъакІуэ сеть зэгуэтым и Іуэхуэкіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2016 гъэм бадзэуэгъуэм и 8-м хьищта унафэмрэ гъэзэщІэн мурадкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

1. ПсэупІэмрэ коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэмрэ я уасэхэр тынымкІэ щІыхуэм социальнэ дэІэпыкъунымрэ езыт Іэнатіэм хиубыдэ организацэхэр зэрызэхуажэ Хабзэр къэщтэн мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

2. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэу цІыху гуп щхьэхуэхэм псэупІэмрэ коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэмрэ я уасэхэр тынымкІэ трагъэкІуэдэ ахьшэр мазэ къэс зэрыхуапынымрэ Хабзэм и Іуэхуэкіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2009 гъэм мазаем и 6-м къыдигъэкІа Унафэ №14-ПП-м хальхьэ зэхъуэкІынигъэхэр кьэщтэн мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

3. Мы унафэм кьару егъуэт официальнэу кьыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІ МУСУКОВ Алий**

## Гуфіэгъуэ пшыхьым

● Дыгъуасэ

**Адыгэхэм я махуэм ирихьэлІэу кьызэрагъэпэща махуэшхуэ концертыр фокІадэм и 19-м и пщыхьэщхьэм Музыкэмкіэ театрым Іэтауэ щрагъэкІуэкІащ.**

АДЭЖЬ псэпкъым, бзэм, кьуэпсым теуха уэскІэ, гупсысэ щхьэпэхэмкІэ гъэнщІауэ щыта пщыхьыр кьызэІуаха иужь Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий хъэхъу псалъэкІэ захуигъэзащ кьызэхуэсахэм.

«Кабардинка», «Мазэ нэху» (Тырку), «Ашат» (Адыгей) къэфакІуэ гупхэм, Бэч Азэмэт, ХьэхъупащІэ Амырхан, Мамбэт Мадинэ, Тхьэгъэлэдж Светланэ, Сокъур Ольгэ, Хьэкъул Оксанэ сымэ, нэгъуэщІ уэрэджьыІакІуэ куэди хэту кьызэрагъэпэща концертым кьызэхуэсахэм я гукъыдэжьыр кьиІэтащ.

ГуфІэгъуэ пшыхьыр зэрекІуэкІам теухуа тхыгъэ ди газетым и кьыкІэлъыкІуэ кьыдэкІыгъуэм тетынущ.

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**

*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Футбол

## Фыдогъэблагъэ!

***УФ-м футболымкІэ и кубок***
***Финалым и 1/16-нэ Іыхьэ***
**«Спартак-Налшык» - «Краснодар»**
*Налшык. «Спартак» стадион.*
*Фокіадэм и 21.*
*Сыхьэт 16-м.*

КЪБР-м и Парламентым и Унафэщі ЕГОРОВЭ Татьянэ:

● Хэхыныгъэхэр-2016

# Дэтхэнэ зы цІыхуми Іэ зэриІэтым зэи хуэмыдэжу иджыпсту мыхьэнэшхуэ иІэщ

**Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхьэ къэрал университетым къыщыдэІуаха хэхыпІэ участкэ №47-м КЪБР-м и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Татьянэ и щхьэгъусэмрэ и къуэрылъхумрэ щыгъуу щыхьащ фокІадэм и 18-м сыхьэт 11-м.**

АДРЕЙ хэхакІуэхэм яхуэдэу, спикерым къратащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм хэхынымкІэ бюллетень тІу, къалэм щІыпІэ унафэр зегъэкІуэнымкІэ и советым хэхынымкІэ зы бюллетень. Ахэр ашыкым щридзэм Егоровэ Татьянэ зыдигъэІэпыкъуащ и къуэрылъху цІыкІу Софие. «Граждан жэуапльныгъэм дэтхэнэри хуэгъэсэн хуейщ щыщІыкІум щегъэжьауэ», - жиІащ абы.

Парламентым и Унафэщым адэкІэ къыхигъэщхьэхукІащ: «Ди къэралым и дежкІэ нобэрей махуэм мыхьэнэшхуэ иІэщ, сыту жыпІэмэ Іэ Іэтыныр дэтхэнэ зы цІыхум и дежкІи къэрал политикэр уэзыхуным хэтынымкІэ Іэмал имыІэжьэщ. Абы къыдэкІуэу дэтхэнэ зыми и жыджэрагъым, абы Іэ зэриІэтым ельытащ къэралым, щІынальэм, къалэм, районым я къэкІуэнур зыхуэдэу щытынур.

Иджырей хэхыныгъэм зыщыхуагъэхьэзырым Іэмал псори кьыэрагъэпэщащ цІыхухэм зэрафІэтэмэмым хуэдэу Іэ яІэтын, партхэм, кандидатхэм я программэхэр зрагъэпщэн икІи нэхъ яфІэжкъабылэр кьыхахьин папщІэ.

Ди къэралыр зэман мытыншым щит мы лъэхъэнэм дэтхэнэ зыми Іэ зэриІэтым куэд елъытащ. Апхуэдэ кьалэныр цІыхум кьыщримыдзэм, хэхыныгъэм щыхэмытым и деж абы гудзакъэшхуэ хэмылъу, и унагъуэр, республикэр зэрыпсэунур, ильэс гъунэгъуэхэм кьриубыдэу кьэралым зэрызиужьынур кьримыдзэу аращ».

КЪБР-м и Парламентым и спикерым зэрыжиІамкІэ, сыт хуэдэ хэхыныгъэхэми ди республикэм жыджэрагъышхуэ кьыщегъэлъагъуэ, ди цІыхухэм адэкІэ кьэхъунхэр кьафІэмылетень. Ахэр ашыкым щридзэм Егоровэ Татьянэ зыдигъэІэпыкъуащ и къуэрылъху цІыкІу Софие. «Граждан жэуапльныгъэм дэтхэнэри хуэгъэсэн хуейщ щыщІыкІум щегъэжьауэ», - жиІащ абы.

Парламентым и Унафэщым адэкІэ кьыхигъэщхьэхукІащ: «Ди къэралым и дежкІэ нобэрей махуэм мыхьэнэшхуэ

**Бахьсэн районым хьхьэ Куба къуажэм ЩэнхабзэмкІэ и унэм дыщыщІыхьам шэджагъуэ нэужь хъуат. Ар зи хэщІапІэ хэхыпІэ участкэ №22-м сэ гуапэу сыщрагъэблэгъащ хэхакІуэ комиссэм и унафэщІ, ТхьэкІумащІэ Амдилыхь и цІэр зезыхьэ езанэ курыт школым унафэщІ АфІэуиэ Леонидрэ абы и гъусэхэмрэ.**

- ХЭХЫНЫГЪЭХЭР зэрекІуэкІымкІэ сыарэзыщ, - кьызжиІащ Леонид. - Ди цІыкІухэм я нэхъыбэм Іэ яІэтакІэщ.

Мыбы щІэст хэхыныгъэхэм хэт политикэ парт зыбжанэм кьагъэкІуэ лыкІуэхэри. Ахэри арэзыт Іуэхур зэрыгъэвамкІэ.

- Ди дежкІэ къекІуэлІа кэудым бюллетенхэр зрадзэ ашыкышхуэм деж фэеплъ сурэтхэр щызытрагъэхащ, хъуахъуэурэ. Иджырей хэхыныгъэхэм псори хуабжу щогугъ. Кьагрогуэ зэблахьІагъуэ лъэхъэнэм дызэрызэтІуп. Псори нэхъыфІым поплъэ. Дэтхэнэри хуейц ди кьэралышхуэм зиуэзщІыну, - пищащ АфІэуиэм.

Ардыдэр жаІащ щІыпІэм псэлъэгъу кьыщысхуэхьуа нэхъыжьыфІхэу, кьуажэм пщІэшхуэ зыщщхьуащІхэу Къэзан Мухьэмэд, МацІыхъу Хьэзиз, АфІэунэ Хьэсэн сымэ.

Апхуэдэ зэхэтыкІэ сэ щысльэгъащ иужькІэ сыздэщыІа хэхыпІэ участкэ №23-ми. Мыбы Іэ1этыр пщэдджыжьым сыхьэти 8-м кьыщызэІуэзыхар лэжьыгъэм и ветеран Тохъутэмыщ Адэлбийт. Абыи Іэ зыІэта зэгъэущІэхэми я псалъэхэр зэтехуэзыр: - хъуахъуэрэ зэблахьІагъуэ лъэхъэнэм дызэрызэтІуп.

- Нышэдибэ сыхьэти 8-м щыщІэдзауэ мы щыпІэм цІыхухэр къокІуалІэ, - жиІащ хэхыпІэ участкэм и унафэщІ Лъакъуэдыгъу Станислав. - ХэхакІуэхэр псори зэрыхьур 2497-рэщ. Абыхэм ящыщу 411-м сыхьэт 11-м хуэзэу Іэ яІэтакІэщ. Пщыхьэщхьэ сыхьэти 8-м участкэм и лэжьыгъэр зэпыдгъэунущ. Догугъэ абы ирихьэлІу Іэ зыІэта хэхакІуэхэм я бжыгъэр процент 90-м нэблагъэну. Нобэ и мызакъуэу, ди кьуажэм куэд щІауэ си анэ дэлъхумрэ сэрэ курыт еджапІэм дыкьыщІэкІыжащ. ДыкьэзыщІыхуэхэр кьыдбгъэдэкІыэрти, фІэкъуг гуапэхэр кьыдахьыр, кьыдэхъуэхьурт.

Псори нэхъыфІым поплъэ. Дэтхэнэри хуейц ди кьэралышхуэм зиуэзщІыну, - пищащ АфІэуиэм.

Ардыдэр жаІащ щІыпІэм псэлъэгъу кьыщысхуэхьуа нэхъыжьыфІхэу, кьуажэм пщІэшхуэ зыщщхьуащІхэу Къэзан Мухьэмэд, МацІыхъу Хьэзиз, АфІэунэ Хьэсэн сымэ.

Апхуэдэ зэхэтыкІэ сэ щысльэгъащ иужькІэ сыздэщыІа хэхыпІэ участкэ №23-ми. Мыбы Іэ1этыр пщэдджыжьым сыхьэти 8-м кьыщызэІуэзыхар лэжьыгъэм и ветеран Тохъутэмыщ Адэлбийт. Абыи Іэ зыІэта зэгъэущІэхэми я псалъэхэр зэтехуэзыр: - хъуахъуэрэ зэблахьІагъуэ лъэхъэнэм дызэрызэтІуп.

Дэтхэнэри и хуэпсапІэ нэхъыщхьэр зыт: ди псэукІэр ефІэкІуэныр.

ХэхакІуэ комиссэм и унафэщІ Къуэжакъ Алим и псалъэхэм ятепщІыхьмэ, Іэ1этым мыарэзыныгъэ гуэри кьыхэкІакъым. Абы щыхьэт техъуащ КПРФ-м и цІэкІэ кІэлъыплъакІуэ мыбы щыІэ Къанэмэт Хьэсэнбий: «Сэ сыхэхакІуэщ икІи сыкІэлъыплъакІуэщ, - жиІащ абы. - Псори хъарзынэу йокІуэкІ».

ЗэрыгурыІуэгъуэщи, хэхыныгъэм кьрикІуахэр пыухыкІауэ щыжаІэнур иужькІэщ. Ауэ иджыпстуи белджэныбыщ кубадэсхэм я фІэфыныгъэр пэрыуэнщэу кьыэзэрагъэльэгъуар.

**ШАЛ Мухьэмэд.**

БОЗИЙ Натбий:

# КъБР-м Іэ зэрыщаІэтам ипкъ иткІэ «Урысей зэкъуэтыр» япэ итщ

**Фокіадэм и 18-м ирагъэкІуэкІа хэхыныгъэхэм ятеухуауэ щытащ «Урысей зэкъуэт» партым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и гъэзэщІакІуэ комитетым щекІуэкІа пресс-конференцыр. Республикэм и цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущапіэхэм я лэжьакІуэхэр зыщІэупщІакъэм жэуапхэр ириатащ «Урысей зэкъуэт» партым и Совет Нэхъыщхьэм хэт, партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ къудамэм и секретарь, КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ Бозий Натбий.**

АБы къыдзэуэсахэм ягу къигъэкІыжащ 2003 гъэ лъандэрэ иджы япэу парламент хэхыныгъэхэр политикэ партхэм я спискэхэмкІи зы мандатКІэ Іэ щаІэт округхэм кьыщагъэлъэгъуа кандидатхэм папщІи зэрырагъэкІуэкІар. Депутатхэм я мандатхэм папщІэ зэпеуащ, кандидатхэм я спискэхэр езыгъэтха политикэ парт 14, апхуэдэу зы мандатКІэ Іэ щаІэт округхэм кьыщагъэлъэгъуа кандидату мини 2,1-м нэблагъэ. Зы мандатКІэ Іэ щаІэт Къэбэрдей-Балъкъэр хэхынІэ округ №14-м кандидату 8 щызэпеуац.

Бозий Натбий зэрыжиІамкІэ, «Урысей зэкъуэтым» и кандидат Щхьэгъуэш Адэлбий папщІэ Іэ зыІэтахэм я бжыгъэм тепщІыхьмэ, ар зы мандатКІэ Іэ щаІэт Къэбэрдей-Балъкъэр хэхынІэ округ №14-м кьыбгъэдэкІыу Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм хагъэхьэн хуейщ.

**ПЕЧОНОВ Владилен.**

# Ди псэукІэр ефІэкІуэным дыщогугъ

Псори нэхъыфІым поплъэ. Дэтхэнэри хуейц ди кьэралышхуэм зиуэзщІыну, - пищащ АфІэуиэм.

Апхуэдэ зэхэтыкІэ сэ щысльэгъащ иужькІэ сыздэщыІа хэхыпІэ участкэ №23-ми. Мыбы Іэ1этыр пщэдджыжьым сыхьэти 8-м кьыщызэІуэзыхар лэжьыгъэм и ветеран Тохъутэмыщ Адэлбийт. Абыи Іэ зыІэта зэгъэущІэхэми я псалъэхэр зэтехуэзыр: - хъуахъуэрэ зэблахьІагъуэ лъэхъэнэм дызэрызэтІуп.

ХэхакІуэ комиссэм и унафэщІ Къуэжакъ Алим и псалъэхэм ятепщІыхьмэ, Іэ1этым мыарэзыныгъэ гуэри кьыхэкІакъым. Абы щыхьэт техъуащ КПРФ-м и цІэкІэ кІэлъыплъакІуэ мыбы щыІэ Къанэмэт Хьэсэнбий: «Сэ сыхэхакІуэщ икІи сыкІэлъыплъакІуэщ, - жиІащ абы. - Псори хъарзынэу йокІуэкІ».

ЗэрыгурыІуэгъуэщи, хэхыныгъэм кьрикІуахэр пыухыкІауэ щыжаІэнур иужькІэщ. Ауэ иджыпстуи белджэныбыщ кубадэсхэм я фІэфыныгъэр пэрыуэнщэу кьыэзэрагъэльэгъуар.

**ШАЛ Мухьэмэд.**

● Фокіадэм и 20-р Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я дунейпсо махуэщ

# ПщІэ лъагэ

**Зи дуней тетыкІэкІи гупсысэкІэкІи дапщэщи пэрыт, дзыхь кьыхуащІ дэтхэнэ Іэнатіэри езыгъэфІакІуэу и пщэрыльэ лэжьыгъэхэр зыкуей хуэзэу зэфІэзыхь цІыхум жылагъуэм пщІэ лъагэ, гулъытэ ин щиІэщ. Адыгэ лъэпкъым и апхуэдэ цІыху щыпкъэхэм ящыщщ щІэныгъэлІ цІэрыІуэ, жылагъуэ лэжьакІуэ емызэщІ Дзэмыхь Къасболэт Фіыщіэ и къуэр. Филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩІДАА-м и академик, Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и щІэныгъэ институтым и пашэ Дзэмыхьым бгъэдэлъ зэфІэкІымрэ и щІэныгъэкъэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм я мыхьэнэмрэ инщ икІи купщІафІэщ.**

ДЗЭМЫХЬ Къасболэт Дзэлыкъуэ районым хьхьэ Къармэхьэблэ къуажэм 1957 гъэм и жэпуэгъуэ мазэм кьыщалъхуащ. Лъэпкъ хабзэмрэ нэмысымрэ щытепщІэр адыгэ зэнгъуэм кьыщыхъуащ Къасболэт. Иджыри сабийуэ ар дихьэхыт ди лъэпкъ тхыдэм епха хьыбарыжьхэм. Жылэм дэт курыт школым щыщеджа илъэсэхэм ар ящыщащ а щІэныгъэм и щхьухэр кьэзыуГъуэныгъэ щІэхъуэпс гурыхъэхэм. А зэманырщ абы гурэ псэкІэ щиубзыхуар гъэзугъанэ бгъуфІэу иужькІэ кьыхуащІкІа кьэхутэныгъэ лъагъэри. Школыр ехъулІэныгъэкІэ кьэзыльха щІалэщІэм 1973 гъэм еджэным щыпищащ КъБКъУ-м и тхыдэ факультетым. ФІы дыдэу зэреджэм кьыдэкІуэу студент Дзэмыхьыр жыджэру хэтт факультетым, университетым щекІуэкІ жылагъуэ лэжьыгъэхэм, дахьэхырт лъэпкъ, къэрал тхыдэхэм ехьэлІа кьэхутэныгъэхэм. А илъэсхэм ирохьэлІэ Къасболэт и япэ щІэныгъэ лэжьыгъэхэр.

- Си щІалэгъуэм сыдэзыхьха а щІэныгъэр хуабжу хуэлэмэтщ икІи кьудамэбзащ, - и Іэщагъэм топсэльыхь Къасболэт. - СызэригъэзмкІэ, зи къэралыр, кьыщалъхуа Хэкур эмышІэу нэхъ мыхьуми фІыуэ зыльагъу щыхур хущІэкъун хуейщ кьызыхэкІа лъэпкъым, щыпсэу и щІыналъэм я блэкІар зыхуэдэр зригъащІэну. А псоми дыдихьэх кьудей мыхъуу, щІэныгъэлІхэр кууэ дикІуэцІрольп икІи додж лъэхъэнэ блэкІахэр, ахэр иджырей зэманым идольпэрт, цІыхубэм я гупсысэр кьэкІуэнум тэрэзу худоунэт!. НапэкІуэцІ зэмыфэгъу куэдэу зэхэт ди лъэпкъ тхыдэр нэсу, кьызыхэутыншэу джа хъумэ, ар щІэин лъапІэу щІэблэм кьахуэдгъэнэну хьугъэуфІыгъуэщ.

Еджэныр екІуу зэфІихыу тхыдэдэр ІэщагъэмкІэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэта ноужь, Къасболэт зы илъэскІэ курыт школым щылэжьащ, тхыдэмрэ обществознаниемрэ ныбжьыщІэхэм яригъэджу. Куэд дэмыкІыу, 1979 гъэм, ар ирагъэблэгъащ Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым икІи щІэныгъэ лэжьакІуэ нэхъыщІэ кьалэныр пщэрыльэ кьыхуащІащ. ЩІэныгъэм хуэнэхъуеиншэ, зи зэфІэкІымрэ гупсысэм и кьэухьымрэ хэзыгъахьуэ зэпыт Іэщагъэлъэгъуэ мыгувэу хъуащ щІэныгъэ лэжьакІуэ нэхъыжь, институтым тхыдэмкІэ и кьудамэм и пашэ. 1981-1984 гъэхэм Дзэмыхьыр СССР-м ЩІэныгъэхэмкІэ и Академиемэ Тхыдэмкіэ и институтым и аспирантщ. Абыкіэ фІыщІэ зыхуэпщІ хъунухэм ящыщу сэ кьызэлъытэ ди жылагъэ кьыдэкІа Щхьэгъуэш Адэлбий «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и щІыналъэ кьудамэм и цІэкІэ иджы ещанэу Къэрал Думэм зэрызыхригъэхьыжри, ди хэхакІуэхэм жэуапльныгъэр зищысыр нэхъ зыхащІэ зэрыхъуари. Мыбдежьым гу зылъыфІта жыджэрагъым дэри дыщогуфІыкІ! Жылагъуэм и кьэкІуэнум ирипІейтейуэ, дэтхэнэ зы хэхакІуэм Іэ иІэтмэ, къэрал псом зэрыхуэщхьэпэнуми шэч кьытетхьэрхьым.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**

# КъэкІуэнум ирипІейтейуэ

**А махуэм и пщэдджыжьыпэр Лэскэн щІыналъэм хьхьэ Хьэтуей къуажэм дежкІэ дыгъэпсрэ уэфІу кьыщІэкІащ. Абы кьыдэкІуэри, дэ зыхэтщІащ къэрал иным щекІуэкІ Іуэхугъуэ щхьэпэм хэтым мурадыр иІэу а махуэм пежьа дэтхэнэри зэрыхущІемыгъуэжьнур.**

ІЭІЭТЫМ дыхэтын папщІэ, си анэ дэлъху нэхъыжь, си ныбжьыр илъэс 92-м иува Бэрау Хьэсэнрэ сэрэ къуажапщэм дыкъыщежьэри, хэхыпІэ участкэ №77-р здэщыІэ курыт еджапІэм и бжэІупэм дынэсащ. Дыкъыщыщ!ИдзаСыхьэт бжыгъэм ирихьэлІэу, абдежьм цІыху куэд зэрыщыпэкІури дгъэщІэгъуащ, гуп-гуп зэрыгъэхъужауэ щызэхэтхэм я нэгум нэжэгужагъэ кьызэрищми дыщыгуфІыкІащ.

Курыт еджапІэм дыщыщІэбакъуэм, дэ гу лъыттащ абы и кІуэцІыр зэрызэлъыІухами, пырхъуэ гъэщІэрэщІам Іэнэхэр кІыхьу зэрыщигъэувыкІами, хэхыныгъэм хуагъэхьэзыра щІэупапІэ щэтыр цІыкІухэм щэкІ кьабзэ хужьхэр кьызэрырауфгъэзкІами, бюллетень тхылъхэр кьэзыгъэхьэзырахэр кьыщыкьхьэхэм гуапэу зэрепсэльылІэну.

Іэ Іэтын Іэхуэр зэфІэдгъэкІри, си анэ дэлъхумрэ сэрэ курыт еджапІэм дыкъыщІэкІыжащ. ДыкъэзыщІыхуэхэр кьыдбгъэдэкІыэрти, фІэкъуг гуапэхэр кьыдахьыр, кьыдэхъуэхьурт.

- Нышэдибэ сыхьэти 8-м щыщІэдзауэ мы щыпІэм цІыхухэр къокІуалІэ, - жиІащ хэхыпІэ участкэм и унафэщІ Лъакъуэдыгъу Станислав. - ХэхакІуэхэр псори зэрыхьур 2497-рэщ. Абыхэм ящыщу 411-м сыхьэт 11-м хуэзэу Іэ яІэтакІэщ. Пщыхьэщхьэ сыхьэти 8-м участкэм и лэжьыгъэр зэпыдгъэунущ. Догугъэ абы ирихьэлІу Іэ зыІэта хэхакІуэхэм я бжыгъэр процент 90-м нэблагъэну. Нобэ и мызакъуэу, ди кьуажэм куэд щІауэ щыапхуэдэщ. АбыкІэ фІыщІэ зыхуэпщІ хъунухэм ящыщу сэ кьызэлъытэ ди жылагъэ кьыдэкІа Щхьэгъуэш Адэлбий «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и щІыналъэ кьудамэм и цІэкІэ иджы ещанэу Къэрал Думэм зэрызыхригъэхьыжри, ди хэхакІуэхэм жэуапльныгъэр зищысыр нэхъ зыхащІэ зэрыхъуари. Мыбдежьым гу зылъыфІта жыджэрагъым дэри дыщогуфІыкІ! Жылагъуэм и кьэкІуэнум ирипІейтейуэ, дэтхэнэ зы хэхакІуэм Іэ иІэтмэ, къэрал псом зэрыхуэщхьэпэнуми шэч кьытетхьэрхьым.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**

## Мы махуэхэм

Фокіадэм и 20, гъубж

**♦Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я дунейпсо махуэщ**

**♦Осетие Ипщэм щагъэлъапІэ я къэралыгъуэр щагъэува махуэшхуэр**. 1990 гъэм фокІадэм и 20-м Осетие Ипщэм и лъэпкъ суверенитетым теуха декларацэр кьащтащ.

**♦1999 гъэм** Украинэм и къэрал суверенитетым теуха декларацэр кьащтащ.

**♦1999 гъэм** Горбачёвэ Раисэ дунейм ехьжащ.

**♦2002 гъэм** Кармадон аузым мыл уэсукхъуэ кьыщехащ. Абы щыгъуэ хэкІуэдахэм ящыщщ режиссёр Бодров Сергейрэ «Связной» фильмыр тезыхьу абы щыгъуэхэмрэ.

**♦**Урысей император **Павел Езанэр** кьыэзэрахъуэрэ илъэс 262-рэ ирокъу.

**♦**Совет къэрал лэжьакІуэ, политик, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь **Ахъмэт Мусэбий** кьыэзэрахъуэрэ илъэс 94-рэ ирокъу.

**♦**Адыгэ Республикэм и цІыхубэ тхакІуэ, АР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, УФ-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ.

**♦Хьэдэгъэлі Аскэр** кьыэзэрахъуэрэ илъэс 94-рэ ирокъу.

**♦**Италием щыщ киноакТрисэ цІэрыІуэ **Лорен Софи** и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирокъу.

**♦**Химие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, жылагъуэ лэжьакІуэ **Шурдым Барэсбий** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

**♦**КъШР-м и ЦІыхубэ усакІуэ **Нэхуц Мухьэмэд** кьыэзэрахъуэрэ илъэс 72-рэ ирокъу.

**♦**Урысей уэрэджэлакІуэ цІэрыІуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым кьыщалъхуа **Лель Катя** (и цІэ-унэцІэ дыдэр Чуприна Екатеринэщ) и ныбжьыр илъэс 42-рэ ирокъу.

**♦**БэнэкІэ хуитымкІэ дыдэ псом щэнэрэ щыІэткІуа, Олимп Джэгуэхэм жэз медаль кьыщызыхьа **Махуэ Билал** и ныбжьыр илъэс 29-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 26-рэ, жэщым градус 15 - 18 щыхьэнущ.

Фокіадэм и 21, бэрэжьей

**♦Мамырыгъэм и дунейпсо махуэщ**

**♦Армение Республикэм и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ**. 1991 гъэм фокІадэм и 21-м Армением референдум щекІуэкІащ ар СССР-м къэрал щхьэхуэу кьыхэкІыным теухуауэ. Абы хэтахэм я процент 99-м щІигъур апхуэдэ жэрдэмым арэзы техьауэ щытащ.

**♦1827 гъэм** генерал Ермолов А. П. и кьулыкъум Іуагъэкіри, Кавказым ирашыжащ.

♦1942 гъэм Бахьсэн партизан гупыр Каменномост щыІэ нэмыцэ гарнизоным жэщым теуащ, абы хэщІыныгъэшхуи ираащ.

♦Актёр цІэрыІуэу щыта, СССР-м и цІыхубэ артист **Гердт Зиновий** кьыэзэрахъуэрэ илъэс 100 ирокъу.

♦Географие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩІДАА-м и академик **Борей Рауф** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.

♦Ужысей къэрал лэжьакІуэ, политик, Москва къалэм и Іэтащхьэу щыта **Лужков Юрий** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

♦КъэфакІуэ, КъБР-м щІыхь зиІэ и артисткэ **Мысачэ Валентинэ** кьыщалъхуа махуэщ.

♦Социологие щІэныгъэхэм я доктор АКъУ-м и профессор **Нэпсо Марианнэ** кьыщалъхуа махуэщ.

♦Химие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Бей Іэуес** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 13 - 15 щыхьэнущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

## ЩІэ ягъэІущ щхьэкІэ, жьы яущиижрэ?

# Бахъсэн ГЭС-р лажьэу зэраутІыпщІрэ нобэ илъэс 80 ирокъу

# ЩІэдзапІэ

**1936 гъэм и фокІадэ мазэм ирагъэжьауэ щыта Бахъсэн ГЭС-м и япэ гидроагрегатым Къэбэрдей-Балъкъэрым и гидроэнергетикэм и тхыдэм увыпІэ нэхъыщхьэ щеубыд.**

**А къэхъукъащІэ гъэзэждэжрщ Ставрополь краймрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я энергетикэ системэм и зыужьыныгъэм и къежьапІэр, ди республикэм и социально-экономикэ гъащІэм и Іэнатіэ псоми къыщыхъуа зэхъэкІыныгъэ инхэм я лъабжьэр.**

БАХЪСЭН ГЭС-р ноби ди щыналъэм и электроэнергетикэм и лъагапІэщ, а ухуэныгъэ абрагъуэм къыщагъэльэгъуа Іэзагъ иным и щапхъэ хьэлэмэтщ, ар зи Іэрыкі-хэм, зауэ зэман хьэлъэм станцыр зэфІэзыгъэувэжахэм къалъыкъэкІа ІыгъэмрэзэфІэкІымрэ я дамыгъэщ, республикэм и електроэнергетикэм и пщэдейрей зыужьынныгъэм и гъуазэ пэжщ.

ЛІэщІыгъуэ кІуам и 20 гъэхэм, Акъбаш ГЭС-р щаухуэ зэманым, Бахъсэн гидроэлектростанцым и проект-къэхутэныгъэ лэжьыгъэми щІадзат. Предприятэхэмрэ япэ илъэситхум кІэрахьэжьа ухуэныгъэщІэ куэдыкІейхэмрэ ар энергетикэ лъабжьэ яхуэхъун хуейт. Апхуэдэу Кавказым и нарзанытхэр здащІэ Іэ къаІэ-кутрохэр, «Минводы-Нартсанэ» гъущІ ГъэгУ къудамэр токкІэ къызэгъэпэщыным, нэгъуэщІ Іэджэми Іуэхур тращІыхьыкІт.

1928 гъэм Советхэм я автоном щІыналъэ съездым хэкъуэуэ къыщыхагъэщауэ щытащ щыпІэхэм я индустриемк, я промышленностым екъулІэныгъэкІэ зауэжьым, Кавказ Ищхъэрэм и курортхэмрэ гъущІ гъэгУхэмрэ ухуэныгъэ щІагъэхуэбжьэн папщІэ, Бахъсэн ГЭС-м къэралпсо мыхьэнэ зэриІэнур. Абы щыгъуэ Кавказ республикэхэм я унафэщІхэр ерыщу хущІэкъурт электростанцыр езыхэм я деж щыхуэзыныкІэ хуитныгъэр зыІэрагъэхьэну, Іуэхум хуабжьу хэлІыІыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и тет, къэралым ящІэщхуэ щызыІэ Къалмыкъ БетІал. Ящэ илъэситхум ирагъэкІуэкІыну ухуэныгъэхэм ГЭС-р хагъэхьэн щхьэкІэ, проект-къэхутэныгъэ лажьыгъэр пІалъэ кІэщІым зэфІагъэкІыу экономикэ, техникэ, финанс и лъэныкъуэкІэ я лъэкІыныгъэхэр яГъэнэІуэн хуейт. Къалмыкъ БетІал и нэІэ тету, проектым и Іыхьэ щхьэхуэхэр и кІэм нагъэсащ, Іуэхур зэхьэлІа органзацэ, ведомствэ куэдым къызэрагъэувым хуэдэу, топографие, гидрологие, геологие къэхутэныгъэхэр къпщІэтэныгъэ лажьыгъэхэм ящыкІуаэхэр тхьилъкІэ щІагъэбыдащ.

А щыкІэм тету, 1929 гъэм дыгъэгъазэм и 17-м СССР-м ЗыхъумэжыныгъэмкІэ и Советым Бахъсэн ГЭС-р зэрахуэнум и проектыр къещтэ икіи абы сом мелуани 5,7-рэ хуэхъу. КъыкІэлъыкІэ илъэсым Зеикъуэрэ Къызбрун Езанэмрэ ухуэныгъэшхуэм зэрыщІадзэнym зыщІихуагъэхьэзыр. Псом япэу зыхуеину цехэр, лъэщапІэхэр зэфІагъэувэ, пІалъэ кІэщІкІэ къалэ щыкІу яуху.

Гидротехникэ лажьыгъэ нэхъыщхьэхэр щрагъэкІуэкІар Зеикъуэ яхуажэрщ. Станцыр ухуэным пыщІа сыт хуэдэ Іуэхуми а жылым дэсхэр икъуикІэ жыджэру хэтащ, Япэ жакъуэхэр хуабжьу гугъут, ІэщІагъэлІхэр кьаймэщІэкІырт, Іэмэпсымэхэмрэ техникэмрэ яхурикъуртэкъым, лжьыгъэхэм я нэхъыбэр Іэпщэ къарукІэ зэфІагъэкІырт. Къэбэрдей-Балъкъэрым и комсомолым ухуэныгъэм зэпымыууэ и нэІэ тригъэтт. Абы и къыхуеджэныгъэкІэ ихуажэдэс щІалэгъуалэ куэд мы Іуэхум хьыхьэрт, нэхъ лжьыгъэ гугъуэхэм зрапщІытырт, махуэ псом еша-елІаэр екІуэлІэжми, мыщьэхьуу, Іэщ1агъэ зэмылІэужьыгъуэхэм зыхагъэзагъуэзэрт.

## Лъэпкъ рабочэ классым и лъабжьэ

Бахъсэн уэрыжьым тращІыхьыну ГЭС-р, ипжьыпІэкІэ, къэралым щекІуэкІ ухуэныгъэ нэхъ инхэм ящыщт. Псыр Зеикъуэ къуажащ дэж щыІуащІэу, Алэщокъуэ бгыжьым и дыгъафІэ нэкІым ирашэкІн, итІанэ ХьэтІохъущыкъуей Ищхьэрэм и щІыб къыдэт бгы лъагэм дашу, абы къэрагъэпІэн хуейт. Ухуэныгъэм зиубгъурт, лэжьыгъэми хэхъуэ зэпытт, ауэ абыхэм пэлъэщ Іэщ1агъэлІэхэр зыкІуэкІ-хэм, зауэ зэман хьэлъэм станцыр зэфІэзыгъэувэжахэм къалъыкъуэкІа ІыгъэмрэзэфІэкІымрэ я дамыгъэщ, республикэм и електроэнергетикэм и пщэдейрей зыужьыныгъэм и гъуазэ пэжщ.

ЛІэщІыгъуэ кІуам и 20 гъэхэм, Акъбаш ГЭС-р щаухуэ зэманым, Бахъсэн гидроэлектростанцым и проект-къэхутэныгъэ лэжьыгъэми щІадзат. Предприятэхэмрэ япэ илъэситхум кІэрахьэжьа ухуэныгъэщІэ куэдыкІейхэмрэ ар энергетикэ лъабжьэ яхуэхъун хуейт. Апхуэдэу Кавказым и нарзанытхэр здащІэ Іэ къаІэ-кутрохэр, «Минводы-Нартсанэ» гъущІ ГъэгУ къудамэр токкІэ къызэгъэпэщыным, нэгъуэщІ Іэджэми Іуэхур тращІыхьыкІт.

1928 гъэм Советхэм я автоном щІыналъэ съездым хэкъуэуэ къыщыхагъэщауэ щытащ щыпІэхэм я индустриемк, я промышленностым екъулІэныгъэкІэ зауэжьым, Кавказ Ищхъэрэм и курортхэмрэ гъущІ гъэгУхэмрэ ухуэныгъэ щІагъэхуэбжьэн папщІэ, Бахъсэн ГЭС-м къэралпсо мыхьэнэ зэриІэнур. Абы щыгъуэ Кавказ республикэхэм я унафэщІхэр ерыщу хущІэкъурт электростанцыр езыхэм я деж щыхуэзыныкІэ хуитныгъэр зыІэрагъэхьэну, Іуэхум хуабжьу хэлІыІыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и тет, къэралым ящІэщхуэ щызыІэ Къалмыкъ БетІал. Ящэ илъэситхум ирагъэкІуэкІыну ухуэныгъэхэм ГЭС-р хагъэхьэн щхьэкІэ, проект-къэхутэныгъэ лажьыгъэр пІалъэ кІэщІым зэфІагъэкІыу экономикэ, техникэ, финанс и лъэныкъуэкІэ я лъэкІыныгъэхэр яГъэнэІуэн хуейт. Къалмыкъ БетІал и нэІэ тету, проектым и Іыхьэ щхьэхуэхэр и кІэм нагъэсащ, Іуэхур зэхьэлІа органзацэ, ведомствэ куэдым къызэрагъэувым хуэдэу, топографие, гидрологие, геологие къэхутэныгъэхэр къпщІэтэныгъэ лажьыгъэхэм ящыкІуаэхэр тхьилъкІэ щІагъэбыдащ.

А щыкІэм тету, 1929 гъэм дыгъэгъазэм и 17-м СССР-м ЗыхъумэжыныгъэмкІэ и Советым Бахъсэн ГЭС-р зэрахуэнум и проектыр къещтэ икіи абы сом мелуани 5,7-рэ хуэхъу. КъыкІэлъыкІэ илъэсым Зеикъуэрэ Къызбрун Езанэмрэ ухуэныгъэшхуэм зэрыщІадзэнym зыщІихуагъэхьэзыр. Псом япэу зыхуеину цехэр, лъэщапІэхэр зэфІагъэувэ, пІалъэ кІэщІкІэ къалэ щыкІу яуху.

Гидротехникэ лажьыгъэ нэхъыщхьэхэр щрагъэкІуэкІар Зеикъуэ яхуажэрщ. Станцыр ухуэным пыщІа сыт хуэдэ Іуэхуми а жылым дэсхэр икъуикІэ жыджэру хэтащ, Япэ жакъуэхэр хуабжьу гугъут, ІэщІагъэлІхэр кьаймэщІэкІырт, Іэмэпсымэхэмрэ техникэмрэ яхурикъуртэкъым, лжьыгъэхэм я нэхъыбэр Іэпщэ къарукІэ зэфІагъэкІырт. Къэбэрдей-Балъкъэрым и комсомолым ухуэныгъэм зэпымыууэ и нэІэ тригъэтт. Абы и къыхуеджэныгъэкІэ ихуажэдэс щІалэгъуалэ куэд мы Іуэхум хьыхьэрт, нэхъ лжьыгъэ гугъуэхэм зрапщІытырт, махуэ псом еша-елІаэр екІуэлІэжми, мыщьэхьуу, Іэщ1агъэ зэмылІэужьыгъуэхэм зыхагъэзагъуэзэрт.

## Союзпсо ухуэныгъэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и гуащІэрыпсэухэм гушхуэныгъэ яхэлъу зратат хъуапсапІэ яхуэхъуа ухуэныгъэм. СССР-м промышленность хьэлъэмкІэ и нарком Орджоникидзе Сергорэ «Гидроэнергострой» управленэм и унафэщІ Винтер Александрэ езыхэм я щхьэкІэ ди республикэм хуабжьу зыкъыщІагъэкъуад. Абыхэм я фІыгъэкІэ, Бахъсэн ГЭС-р Союзпсо ухуэныгъэ нэхъыщхьэхэм хагъэхьэри, Днепрогэсым и Іэщ1агъэлІ Іэзэу щитху, Донбасс щыщ шахтэщІагъэпырыкІуэу щиц къагъэкІуаду. Мэзкуу, Ленинград, Уралым я метроуухуэхэри къадэІэпыкъуад. Техникэмрэ ухуэныгъэм ирахьэлІэхэмрэ я чэзум къаутІыкъ щырт. Къэралым и завод нэхъ лъэрыхь дыдэхэм Іэмэпсымэхэр щащІырт. Лъэпкъ щащІым нэблагъэ зыхэт гупшысхэм зыщигъэгъупщэртэкъым яуху ГЭС-м заводхэр, фабрикэхэр зэригъэлэжьэну, мэкъуамэш Іэнатіэхэм зэрызригъэжьынур.

Къуршым кІэнауэр клиникетрипщІкІэ щыпхашри, (км. 4-р пхауда тоннелщ) «Бахъсэн и шхуэІу» зыфІаща Іущ1агъэ дращІеящ, псы гуэшыпІэхэр тращІыхьащ. 1934 гъэм и закъуэ япэ ита илъэсищым зрагъэхъуІам нэхърэ нэхъыбэ зэфІагъэкІат. Лэжьыгъэхэр щІэхуабжьэ зэпытт. Промышленность хьэлъэмкІэ нарком Орджоникидзе Серго я пашэу, республикэмрэ «Главэнергэ»-мрэ я унафэщІхэр абыкІэ сэбэпышхуэ хъурт. 1935 гъэм и кІэм ухуэныгъэ псоми я процент пщІейр хьэзыр ящІат. ЗэрыпраухуамкІэ, къыкІэлъыкІуэ илъэсым бадзэуэгъуэм и 1-м ирихьэлІэу лэжьыгъэхэр яухын хуейт. Жыхуаіа пІалъэм кІытІэсэн щхьэкІэ, «Главгидростройм и Іэтащхьэ, академик Винтер Александр накъыгъэм икуэм кьоклуэри, а къаІэныр и пщэм делъхьэж. Абы щыгъуэщ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и пашэ Къалмыкъ БетІали яхэту, ГЭС-р щрагъэжьэну пІалъэр кІэухуэу щагъэбелджылар. Ухуэныгъэм пыщІа лэжьыгъэ псори нагъэсу Іэмэпсымэхэм я лэжьэкІэр яГъэунэхуа нэужь, 1936 гъэм Бахъсэн ГЭС-р яутІыпщащ. Ар пагэу икіи екІуэсу хэуват Зеикъуэрэ Къызбрун Езанэмрэ я Іэшэлъашэхэр зыгъэбжьыфІэ бгыщхьэм и щыпІэ дахэхэм.

Мы Іуэхущхэм къызэрыгуэкІ лэжьакІуэу хэта урыс усакІуэ цІэрыІуэ Дудин Михаил а цІыхуІэрыкІ телъыджэм хуитха усэ гъуэзэджэр ухуакІуэхэм я гимну къэплъытэ хъунущ:

**Псыи мафІи напІэзыпІэм**
**Дыхьыхэну дыхьэзырт.**
**Диуватэкъым дэ лІыпІэ -**
**ПщыкІубл псоми ди ныбжьыынт.**
**Уэшх жьгъыруухэр, джатэ жану,**
**Къырхэр гуахыу къеугъэгузэт...**
**Хъуащ лІэщІыгъуэ**
**Іыхьэ пІанэ,**
**Ауэ ноби бгырыс унэм**
**Си уэздыгъэр къыщонэху.**
**ЩІэтщ си нэгум ноби псыжьыр**
**Іэсэ къэтщІу дубыдар.**
**Си псэм хуэдэу къурш**
**гъуэгужьыр,**
**Дыщэ защІэу Къэбэрдейр.**

Бахъсэн ГЭС-м и токыр япэу зыІэрыхьаэм ящыщщ Тырныауэ комбинатыр, Налшык, Псыхуабэ, Минвод, Нартсанэ кьалэхэр. А зэманым хуэзэу «Мэшыкъуэ», «Налшык» подстанцхэм киловольти 110-рэ зрикІуэну уэгу кІапсэхэр ирашэлІат, Псыхуабэ, ЕсэнтІыгу, Минводрэ Нартсанэрэ киловольт 35-рэ щыізэблэкІыну линэхэр щаукъуэдият. А гъэм, щкІуэгъуэм и 7-м, «Псыхуабэ-Минводы» электромафІэгъум зэпымыууэ лэжьэн щИдзащ. Станцым и етІуанэ гидроагрегатыр щхьэкІэлъыкІуэ илъэсым ирагъэжьащ, 1938 гъэм и лъэщагъ псомкІи яутІыпщащ.

ГЭС-м и япэ унафэщІу яГъэувар Хъурей Ахьмэдт, инженер нэхъыщхьэр Козлов Михаилт, 1940 гъэм станцым къыщызрагъэпэща Бахъсэн энергокомбинатым Нартсанэ ТЭЦ-р, ягъэ гидроагрегатыр, Псыхуабэ ТЭС-р, Минвод и электростанцымрэ и электросеть Іуэхущ1анІэмрэ хагъэхьэ. Комбинатым унафэщІу яГъэкІуа Дерюгин Александр а Іэнатіэр илъэс тІощІкІэ зэрихьащ.

## ПсэзэпылъхьэпІэм щыгъуэ

Хэку зауэшхуэр совет щІыхубэм я дежкІэ зэхэгъэкІыныгъэшхуэт. ТекІуэныгъэ пІалъэр къагъэблагъэн папщІэ, республикэм и энергетикэрэ я зэфІэкІ еблэжакъым. Фронтым хуэлажьэ Іэнатіэхэм дежкІэ ГЭС-м къалэныншхуэ дыдэ зэригъэзащІэр дэтхэнэми фІыуэ кьыгурыІуэрт. Ар заводхэм, фабрикэхэм ягут, сымаджэщхэмрэ езджанІэмрэ я лъэнтхуэт. Фашистхэм ди щІыналъэр яубыдыкункІэ токыр къэлэжьын зэпагъэуакъым. Станцыр бийм Іэрагъэхьэ хъунутэкъым. Псори зэпашэчя нэужь, ЗыхъумэжныныгъэмкІэ Къэрал Комитетым и унафэкІэ, 1942 гъэм и жэпуэгъуэ мазэм ар къагъэуащ, зэтебухуэж хъун хуэдэу адрейхэр зэпкърахащ. Зэмыджа зэрыпхъуакІуэхэм хуэфащэр зэраІысыным выми шэч къытрихьэртэкъым. 1943 гъэм и щІыщІэм хэкум щрахужьи, хьэкІэкхъуэкІагъэ хэлъу, фашистхэм ГЭС-р зэхакъутащ.

ЦІыхубэ хозяйствэр икІэщІыпІэкІэ зэфІэгъэувэжьын хуейт. Абы щхьэкІэ, ток ямыІэу хъунутэкъым. Псом япэу Тырныауэ вольфрам-молибден комбинатыр ирагъэжьэжьну кьапэщІтт. Партым и обкомым и унафэкІэ, къалэхэмрэ къуажэхэмрэ щыщ цІыхуищэкэ а Іуэхум хузэщІагъэуІуащ. Къарур кьэзыт станцым и псэуалъэхэри хэту, гидроагрегат псори, токыр зыгуэш Іэмэпсымэхэри, псы хъумапІэ нэхъыщхьэхэри, ар щыізэщхьэщащ псыгуэнри, подстанцхэри къагъэуат. Республикэм и закъуэкІэ зэрыпэмыльэщыгъум къыхэкІыу, «Храм ГЭС строй» Кавказ щІыб трестым а Іуэхур и пщэ далъхьэ. Бахъсэн энергокомбинатыр зэгъэпэщІыкІным теухуауэ 1943 гъэм накъыгъэм и 19-м СССР-м ЗыхъумэжныныгъэмкІэ и Къэрал Комитетым къыдигъэкІа унафэм ипкъ итклэ, станцым и япэ чэзур жэпуэгъуэм и 1-м яутІыпщын хуейт. А пІалъэм кытІэсэн щхьэкІэ, Бахъсэн ГЭС-м щагъэувауэ щыта гидроагрегатым хуэдэ дыдэ Ермэлым къраш, Мэзкуурэ Іэмэпсымэхэр щагъэхьэзыр заводхэмрэ я Іэщ1агъэлІхэр кърагъэблагъэ, нэгъуэщІ щыпІэхэм яГъэкІуа я лжьыгъкІуэ Іэпщ1ельапщІэхэр кьраджэж.

А щыкІэм тету, Къэбэрдей- Балъкъэрым и цІыхуухэм гуащІэдзкІ нэсым и щапхъэ кьагъэлъагъуэри, Бахъсэн ГЭС-м и япэ чэзур дыгъэгъазэм и 25-м ирагъэжьэжащ икіи фронтым хуэлажьэу Кавказ Ищхъэрэм щыІэ Іэнатіэхэм токыр иратыжащ. Ар станцым и етІуанэ гьащІэт.

СССР-м ЗыхъумэжныныгъэмкІэ и Къэрал Комитетым и Іэтащхьэ Иосиф Сталин ГЭС-м и лжьакІуэхэм кьахуигъэхьа хъузхъум мыпхуэдэу щыжІэрт: «Бахъсэн гидроэлектростанцым и ухуакІуэхэмрэ и монтажникхэмрэ сынывохъуэхъу гидротехникэ ухуэныгъэхэр зэтегъэуувэжьыным екъулІэныгъэ кьыззэрыщыфхьам, япэ гидротурбинэр зэрвегъэжьэжам папщІэ. Фашист зэрыпхъуакІуэхэм зэхакъута элект-ростанцкэр зэфІэгъэувэжьыным пыщІа кьалэн гугъум пІалъэ кІэщІкІэ узэрыпэльащІыфынур фи къэмылэнджэж лэжьыгъэмкІэ кьэвгъэлъэгъуащ. Фи Іэнатіэм дгпэкІи фехъулІэну, фи зэфІэкІым хвэгъэхъуэну си гуапэщ».

Апхуэдэ гулъытэм нэхъри кьызэщІиІэтауэ, станцыр зэтезыгъэувэжахэм ГКО-м телеграммэ хуагъэхь: «Бахъсэн ГЭС-м и япэ гидротурбинэр зэредгъэжьэжам теухуа фи хъуэхъум кьаруущІэ кьытхилъхьауэ, адрейхэри жыджэру зыдогъэпэщыжьж. Бий ерур и гъуэм ирауКІыжьыжьы щхьэкІэ, «Нэмыцэ зэрыгтхъуакІуэхэм ажал!» танк колоннэ уху́эным хуэзэну ахъшэу сом 112192-рэ дэ езыхэм зэхуэтхьэсащ. Зэхрыракъутэ а танкэм щыхсырабгъу ямыІэу фашист зэрыпхъуакІуэхэр!»

1944 гъэм и гъатхэпэм Сталиныр телеграммэм фІыщІэ псалъэкІэ кьыпэджэжащ: «Бахъсэн ГЭС-м и уху́эКІуэхэм, монтажникхэм, станцыр зыгъэлажьэхэм - «Нэмыцэ зэрыпхъуакІуэхэм ажал!» танк колоннэм папщІэ сом 112192-рэ зэхуэсхьэсахэм - къуэш сэлам схуефхьж, Дзэ Плъыжьым и фІэхъуэри схуефтыж».

Адрей зи чэзу зэгъэпэщІыжьныгъэ лэжьыгъэхэр станцым и Іэщ1агъэлІхэм я къарукІэ зэфІагъэкІыжащ. 1945 гъэм и мэлыжьыхь маззм ирихьэлІэу зэрыщыту ГЭС-р зэфІагъэувэжащ икіи трансформаторыр щагъэува мэкъуауэгъуэм мегаваттти 8,3-рэ зи лъэщагъ етІуанэ гидроагрегатыр ирагъэжьэжащ. ИльэситІ нэхъ дэмыкІыу ещанэри яутІыпщІжри, нэхъапэмэ хуэдэу, республикэм и энергетикэм бжьыпэр щиубыдыжащ, промышленнэ, социальнэ зыужьыныгъэм лъабжьэ быдэ кьахуэзэригъэпщащ.

Фигу къэдгъэкІыжынщи, 2010 гъэм бадзэуэгъуэм и 21-м и пщэдджыжьым ГЭС-м и гидроагрегатитІ терористхэм кьагъэуауэ щытащ. Ар зэгъэпэщІыжьныр фІэкІыпІэ зимыІэ къэпсалъэныгъэ станцым и Іэщ1агъэлІхэм я къарукІэ зэфІагъэкІыжащ. 1945 гъэм и мэлыжьыхь маззм ирихьэлІэу зэрыщыту ГЭС-р зэфІагъэувэжащ икіи трансформаторыр щагъэува мэкъуауэгъуэм мегаваттти 8,3-рэ зи лъэщагъ етІуанэ гидроагрегатыр ирагъэжьэжащ. ИльэситІ нэхъ дэмыкІыу ещанэри яутІыпщІжри, нэхъапэмэ хуэдэу, республикэм и энергетикэм бжьыпэр щиубыдыжащ, промышленнэ, социальнэ зыужьыныгъэм лъабжьэ быдэ кьахуэзэригъэпщащ.

Токыр зыгуэш ядыжьрей элегаз Іэмэпсымэ лІэужьыгъуэ нэхъыфІ дыдэхэмкІэ нобэ ГЭС-р гъэпсащ, Урысей Ипщэ энергосистемэ зэгуэтым мыхьэнэшхуэ щызыІэ и Іыхьэщ.

Бахъсэн ГЭС-р - нобэ.

## И щхьэри, и пщІэри лъагэт

**Бахъсэн ГЭС-р щаутІыпщащ гъэм Дыкъынэ Хьэсэн илъэсипщІ ирикъуа къудейт. ИтІани, а зэман гуащІэм, куэд дыдэ щагъэхъьа лъэхъэнэм илъэгъуаэхэр, зэхихахэр фІыуэ ищІэжырт, димыгъэхуІауэ къиІуэтэжьыфырт.**

ІЭБЫДЭ-лъэбыдэу, гурыхуэу къэтэдж щІалэ щыкІум Іэджэм гу лъитэрт, псынщІэуи къыпхъуатэрт. И нэгу щІэкІхэр фІэгъэщІэгъэун къудейтэкъым, ар щхьэ и деж и дежкІэ телъыджащэт бахъсэныпс Іэлыр къызэрагъэІэсар, токым и къару мыкІуэщІыжыр. КъэзыщІыхухэр Хьэсэн «Дадэкъуапэкіэ» къеджэрт, «фыкъаплъэ, фыкъэдалъэ мыбы зы фІыгъуэ гуэр къыдэкІуэнкІэ» жаІэу.

Апхуэдэхэр щыуатэкъым. «Вы хъунур шкІэ щыкІэ къыбощІэ», - жы-хуаІэрат, Дыкъынэм зыкъиужьащ, «дзыхь» псалъэм и мыхьэнэр пасэу зыхищІащ...

- 1940 гъэм и фокІадэ мазэм Мэзкуу дэс си анэ дэлъху Бэчкъан Хьусен и письмо къысхуокІуэ. Сэ ар куэдрэ щІэзджыкІащ, нобэр къыздэсми сыхуэзакъуу сохъумэ. Къыхсухитхар щциныгъэ письмот, зыхуэгъэзари сэрат. Си анэ дэлъхур зауэм кьелакъым, ауэ абы лъандэрэ зы махуэ сщыгъупщэркъым Хьусен мыгъуэм и псалъэ гуапэхэмрэ и ущие кьабзэмрэ. Ахэр си гъуазэу мы ГъащІэм сыхьыхащ, гъусэ пэжуи кьыздекІуэкІ зэпытщ, - къыхигъэщырейт Хьэсэн.

«Дыкъынэм и псэр зыхэлъыр Бахъсэн ГЭС-рщ, абы и цІэр щІымыгъуу станцыр къыпхуэпльэтыныкъым», - жаІэрт фІыуэ зыцІыхуэжи и лжьыгъуэхэм. Зэрыщытари аращ.

1944 гъэм гъатхэпэм и 12-м ГЭС-р ззэзыгъэпэщыжхэм яхьыха мо щІалэ жаным, зэчиифІэм гидротурбинэм и машинист Іэщ1агъэм псынщІэу зыхеГъэгъуазэ, абы и щэхуэр куууэ едж, токаруи зегъасэ. Гидротурбинэр монтаж зэращІ, ар лжьыгъэм зэрыхуагъэхьэзыр щыкІэр Ивановэ кьалэм ильэситІкІэ щызэригъэщІа нэужь, и зэфІэкІыр кьалъытэри, япэщІыкІэ мастеру, итІанэ мастер нэхъыжьу яГъэув, 1977 гъэм Бахъсэн ремонт участкэм и уна-фэщІ къалэнри и пщэ далъхьэ. Зэрылажьэм хуэдэуэрэ КъБ-КъУ-м инженер-механик Іэщ1агъэм щыхуэкІри, зэригъэгъуэта щІэныгъэр Іэнатіэм хэкъуэзауэ кьыщигъэсэбэпу щІедзэ. Абы и ерыщагъэр, и Іуэху зехьэкІэр, кьыззгъэпэщыкІэр зыныгъэщІагъэр мащІэт.

«Лъхъуэм къеГъуэт», - жаІэркъэ. Іэнатіэхэр езыгъэфІакІуэ Іуэхущ1эу Хьэсэн кьыхилъхьар, езым и Іэкіэ игъэнэхуар 80-м ноблагъэ. Ахэр ноби кьагъэсэбэп.

И лэжьыгъэфІым кьыпэкІуэу абы кьыхуагъэфощащ «КъБАССР-м щІыхь зиІэ и энергетикэ», «Урысей Федерацэм Гъэсыныпхъэмрэ энергетикэмкІэ и министерствэм щІыхь зиІэ и лжьакІуэ», «Урысейм и ЕЭС-м щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэхэр, «Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм къигъэлъэгъуа гуащІэдзкІ лъагэм папщІэ» медалыр, КъБР-м и Президентым, республикэм и Правительствэм, СССР-м Энергетикэмкіэ и министерствэм я ЩІыхь тхьилъхэр, «СССР-м энергетикэмрэ электрификацэмкІэ и отличник» бгъэхэІур. И япэ дамыгъэр - 1946 гъэм мэлыжьыхьым и 30-м кьрата Къэбэрдей АССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и ЩІыхь тхьилъыр - республикэм и Лъэпкъ музейм щахьумэ.

1999 гъэм кьышІыщІэдзауэ а Іэщ1агъэлІ гъуэзэджэр турбинэ, гидромеханикэ Іэмэпсымэхэр зэгъэпэщІыжьныкІэ Бахъсэн ремонт участкэм чэнджэщІагъэу щІалэ. Абы кьыкІуа гъэуГуанэ хьэлэмэтыр, и дуней тетыкІар, и лжьакІар апхуэдизкІэ гъэщІэгъэунэщ, узыІэпызышэщи, а псом я гугъу щащІкІэ, кІэух гуэр иІэу кьыпхуэщІэркъым. Дыкъынэр икіи щІэинхъумэт. Бахъсэн ГЭС-м и зэфІэувэкІар зэрыщыту къэзыІуэтэж тхыгъэхэр, сурэт куэдыкІейхэр, газет напэкІуэцІхэр, тхьилъ щхьэхуэхэр, тхьилъымпІэ кІапэхэр и унагъуэ музейм дапщэщи щызэІапхьэт.

Мыри кьыхэгъэщыпхъэщ: Хэку зауэшхуэр ди текІуэныгъэкІэ зэриухрэ илъэс хыщІ щыкъум иритхэлІэу СНГ-м и Электроэнергетикэ советым энергетикэм и ветеран щхьэхуэхэм «СНГ-м щІыхь зиІэ и энергетик» цІэ лъапІэ яфІищащ. Кавказ Ищхъэрэм и энергетикэм ящыщу а дамыгъэр япэу зыхуагъэфощар Хьэсэнщ.

## Зэман зэкІэлъыкІуэхэм Бахъсэн ГЭС-мрэ Бахъсэн энергокомбинатымрэ я унафэщІу лэжьакъэр:

**Хъурей Ахьмэд**
**Рубин Марк**
**Дерюгин Александр**
**Лазерев Василий**
**Самушенкэ Иван**
**ХьэтІэф Михаил**
**КІэщт Къалэбий**
**Хьэщхъуэжь Гъэзэлий**
**БгъэжьнокъуэзХьэбил**
**Щоджэн Валерэ.**

Мы зэманым электростанцым и лэжьыгъэр **Быгуэ Аслъэн** еунэтІ.

## Япэ итахэр

Ухуэныгъэм зи гуащІэшхуэ хэзылъхьахэр:

**Молэ ФІыцІэ**
**Абыкъу Мухьэмэд**
**Щоджэн Адэлджэрий**
**Вербицкий Евгений**
**Резников Михаил**
**Хлебников Яков**
**Шурдым Іэмин**
**ГлуходедовАлександр**
**Щоджэн Къэралбий**
**Пахомов Яков**
**Іэпщэ Мухьэмэд**
**Гъэбэшы Мухьэжыр**
**Жэмыхъуэ Мулид**
**ГъукІэ ТІалэ**
**Сэбаншы Хьэжбэчыр**
**Жэмыхъуэ Мухьэмэд**
**Кобылкин Иван**
**Аленко Иван**
**Къэрабэ ХьэкІал**
**Бутусов Василий**
**Воропаев Фёдор**
**Соблир Алий**
**Сыжажэ ТІытІу**
**Къумыкъу Борис**
**Тезадэ Кушбий**
**Глазков Константин**
**Гордеев Иван**
**Бекъалды Мусэ**
**Къанщауэ Лэбий**
**Божановэ Верэ**
**Ашэбокъуэ СулътІан**
**Васюк Валентин**
**Еланская Любовь**
**Донской Николай**
**Ковалёв Иван**
**Юдин Владимир**
**Комарь Василий**
**Ябгэжьыкъуэ Іэтэбий**
**Филатов Виктор**
**Ратновский Михаил**
**Климов Василий** сымэ, нэгъуэщІхэри.

## Токым и къарур

**Зы киловатт-сыхьэтым фІамыщІу кг 75-рэ къыщІыуигъэхынщ.**

АБЫКІЭ щІыдагъэу кг 40 кьыпхуэщІэшынщ, жыру кг 50 пхуэгъэткІунущ, шыгуну кг 100 пхуэгъэвэнущ, щІакхъуэу кг 36-рэ пхуэгъэжьэнущ, хьэжьигъэу кг 15 пхуэхьэжынущ, дагъэу кг 10 пхущІэхунущ, щэкІыу метри 10 пхуэзІущэнущ, вакъэ зэгуэгъуи 2 пхуэщІынущ.

Зы киловатт-сыхьэтым фи телевизорыр пщыхьэщхьэ зыбжанэкІэ игъэлажьэнущ, электрожьакІэуэпсыр махуэ къэс къэзыгъэсэбэпхэр илъэс псокІэ ирикъунущ.

**НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар ХЬЭЖЫКЪАРЭ Аликщ.**

# И унафэхэр ткІийт, ауэ хуабжьу игъуэт

**Академик Винтер Александр и цІэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и индустриемк и тхыдэм увыпІэ щхьэхуэ щеубыд. Бахъсэн ГЭС-м и проектымрэ а уху́эныгъэшхуэм и тхыльхэмрэ къэралым и Правительствэм папщІэ зыгъэхьэзырар араш. Абдежым къыщыщІэдзауэ станцыр ирагъэжьэхункІэ «Главгидростроймрэ Іэтащхьэ Винтер Александр ухуэныгъэр зэрекІуэкІым щІэмычуу кІэлъыплъащ, къалэн гугъуэр зэфІэхынымкІэ сэбэпышхуэ хъуащ. Абы и унафэхэр ткІийт, ауэ хуабжьу узыхуейт икіи игъуэт.**

ГЭС-р зэрарТыпщам теухуауэ «Правда» газетым академикым мыпхуэдэу щитхыгащ:

«Налшык и лэгтросетыжьым Іэрыхьащ гидростанцыщІэм и япэ токыр икіи къалэм зэуэ зыкъиукъэбзащ, нэхур бзий мин бжьгъэу абы къыщыблащ. Къедза щыналъэхэм, псом япэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и теплъэм зихуэжьынущ, зыужьыныгъэм щІидзапІэ хуэхъуну электротокым и къарур къагъэІурыщІэнущ».

Винтер Александр совет энергетик цІэрыІуэт. Дунейм щынэхъ ин дыдэ ухуэныгъэхэр иригъэкІуэкІам и мызакъуэу, ВСНХ-м, Промышленность хьэлъэмкІэ нарком ятым, СССР-м Электростанцэхэмкіэ и министерствэм жэуапІныныгъэшхуэ зыпыль кьулыкьуэхэр щрихьэкІащ, Ленин ордену щы, ГуащІэдзэкІым и Бэракъ Плъыжь орден, медалхэр кьыхуагъэфэщащ.

Бахъсэн ГЭС-м и лъабжьэр яГъэтІылъ.

Бийр ди лъахэм ирахужа нэужь.

## МАМБЭТ Мадинэ: Лъэпкъыр дызэкъуэзыгъэувэ махуэ

**Оперэ уэрэд жыIэнымкIэ дунейпсо, урысейпсо, щIыналъэ зэпеуэхэм мызэ-мытIэу бжьыпэр щызыубыда, Урысейм ис лъэпкъхэм я Артиадэм и лауреат, Музыкэ театрым и солисткэ Мамбэт Мадинэ хуэдэщ «и IэщIагъэм къыхуигъэщIащ» зыхужаIэхэр.**

*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

- РОЛЬ хэплъыхь сщIыркъым, дэтхэнэми щIэщыгъуагъ хэлъу къызолъытэри, къысхуагъэлъагъуэр къызощтэ. Псалъэм папщIэ, сфIэгъэщIэгъуэну согъэзащIэ хьэкIэкхъуэкIэхэми уд фызыжьми я ролхэр, - къыддогуашэ ар.

Иджы иIэ ехъулIэныгъэхэм хуэкIуэн папщIэ музыкэ школым фортепианэмкIэ классыр, музыкэ училищэм хоровой дирижированиемкIэ классыр, Гъуазджэхэмкlэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым уэрэд жыIэнымкIэ и къудамэр къиухащ абы.

Зи макъ дахэмкIэ, артист Iэзагъэмкlэ дызыгъэгуфIэ Мамбэт Мадинэ и IэнатIэр къыхихынымкIэ тезыгъэгушхуар и анэращ. Хъыджэбзым и зэфIэкIым гу лъызыта бзылъхугъэм абы унэтIыныгъэ пэж зэрыритам куэдрэ щыгуфIыкIыжащ.

- Сыт хуэдэ Iуэхуми нэхъапэ си анэращ тегушхуэр. Зэпэшэчауэ псоми егупсыс си анэм и арэзыныгъэ слъэгъуа иужьщ лъэбакъуэ щысчыр, - жеIэ Мадинэ.

Училищэр къыщиуха гъэм Къэрал телерадиокомпанием и хорым ирагъэблагъэри, 1997 гъэ пщIондэ абы щылэжьащ. Радиом и хорыр зэбграутIыпщыкIыжа иужь, Музыкэ театрым и хорым ирагъэблэгъэри, 2005 гъэ хъуху абы хэтауэ, и зэфIэкIхэр къалъытэри солист ящIащ.

Музыкэ театрым лэжьэн щыщIидза къудейм Штраус Иоганн и «Дзыгъуэнэф» опереттэм и роль нэхъыщхьэр, Розалиндэ ейр, къыхуагъэфэщат. КъахыхьагъащIэ хъыджэбзым а ролыр режиссёр Сафаровэ Тамарэ къыщыхуигъэлъагъуэм щыуатэкъым. А ролыр зыгъэзащIэу щыта Бесчокъуэ Майе чэнджэщ щхьэпэхэмкIэ къыдэIэпыкъуурэ зэрытригъэгушхуар иджыри и гуапэу жеIэж артистым. Роль хьэлэмэтым жэуаплыныгъэ пылъу бгъэдыхьа хъыджэбзым екIуу къехъулIэри, а лъэбакъуэ дахэмкIэ театр бжэщхьэIум ебэкъуауэ щытащ.

- Нобэр къыздэсым апхуэдэу фIыуэ слъэгъуа роль сиIэкъым, театрыр зэрызэрагъэпэщыж лъандэрэ ар дгъэувакъыми, си нэ къыхуокI, - жеIэ Мадинэ.

Абы къыкIэлъыкIуащ Леонкаваллэ Руджерэ и «Паяцы» оперэр, «Севастопольский вальс» оперетэр, нэгъуэщIхэри. Дэтхэнэ зы ролми и къару псори езыхьэлIэ Мамбэтым сытым дежи Iэгуаушхуэхэр хуаIэт.

Ди зэпсэлъэныгъэм хэту зэрылъэпкъыу къытхуэмыгъэсу дызэжьэ Адыгэхэм я дунейпсо махуэр Мадинэ дежкIэ зищIысымкIэ дыщыщIэупщIэм, хэкупсэ дэтхэнэри зыгъэгуфIэн жэуап къыдитащ.

- Лъэпкъыр дызэкъуэзыгъэувэ махуэхэм къахэхъуащ. ТщIэт лъым и къабзагъыр, ди хэкум и дахагъыр, хабзэхэм я фIагъыр дигу къэдгъэкIыжу ахэр гъуазэ тхуэхъужыну иджыри зы щхьэусыгъуэ диIэ хъуащ. Хамэ лъэпкъхэм я бын адыгэхэм ирагъэпIу, я хабзэмкIэ ирагъэпсыхьу щытащ. Адыгэм и напэм, и тхыдэм и щIыхь лъагэм хуэфэщэн щIэблэ къыщIэувэу илъэс куэдкIэ дыпсэуну си гуапэщ.

Сыт хуэдэ бзылъхугъэ нэсми хуэдэу, Мадинэ и хъуэпсапIэхэр псом япэ и унагъуэращ зэхьэлIар. Абы къыкIэлъыкIуэущ лэжьыгъэм, нэгъуэщI Iуэхухэм я гугъу щищIыр. Дыхуейщ уэрэджыIакIуэм и хъуэпсапIэр къехъулIэу, ефIакIуэу иджыри илъэс куэдкIэ и макъ дахэмкIэ дигъэгуфIэну.

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**

**● Хъуэхъу**

### *Дыгулыбгъуей къуажэм щыщ Уэрдокъуэ Хьэсэн Мырзэкъан и къуэм фокIадэм и 17-м и ныбжьыр илъэс 55-рэ ирикъуащ*

ПщIэ зыхуэтщI, фIыуэ тлъагъу дэлъхум, къуэшым, ныбжьэгъу пэжым гъащIэм и зы пычыгъуэ ныбжь дахэр уогъэлъапIэри, дынохъуэхъу. Уи узыншагъэр быдэу, уи жьэгур уардэ унэу, гъащIэм гу щыпхуэрэ абы и IэфIыгъэ псори зыхэпщIэу, уи щхьэгъусэ Маринэ къыпкъуэту, берычэтыр уи Iэнэгуу, дэрэжэгъуэмрэ гуфIэгъуэмрэ уи бэу адыгэ дунейм и хъугъуэфIыгъуэм илъэс бжыгъэншэкIэ ухэпсэукIыну, фокIадэм и 18-м къыщалъхуа махуэр зыгъэлъэпIа уи хъыджэбз закъуэ Сэтэней насыпыфIэ дыдэ хъуну, абы и гуфIэгъуэ куэд плъагъуну ди гуапэщи, ди хъуэхъур Тхьэшхуэм къыплъигъэс!



*Уэрдокъуэхэ, уи Iыхьлыхэр, благъэхэр, ныбжьэгъухэр.*

## Мэзкуу къыщикIуэтакъым

**● Футбол**

**«Спартак-2» (Мэзкуу) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 0:0. Мэзкуу. «Спартак» академием и стадион. ФокIадэм и 17-м. ЦIыху 350-рэ еплъащ.**

**Судьяхэр** Соколов (Воронеж), Степанов, Политов (тIури Томск щыщщ).

«**Спартак-2**»: Песьяков, Кутин (Гулиев, 46), Пуцко, Хомухэ, Шанбиев, Леонтьев, Самсонов, Савичев (Пантелеев, 67), Мелкадзе, Давыдов (Зуев, 46), Федчук (Бакаев, 78).

«**Спартак-Налшык**»: Антипов, Семёнов, Дашаев, Мэкъуауэ, Мурачёв, Войнов, Багъэтыр (Соблыр, 69), Ахриев (Кузнецов, 57), Гугуев (Ахъядов, 78), Дроздов (Мухьэммэд, 85), Бажэ.

**Дагъуэ къыхуащIащ** Зуевым, Самсоновым, Войновым.

«Спартак-Налшыкыр» хэту япэ дивизионым мы гъэм щрагъэкIуэкIа зэIущIэхэм зэхьэрхуэрэгъухэм топ 19 щыдагъэкIащ. Ар нэхъ мащIэ дыдэхэм ящыщ зыщ. Мэзкуу и «Спартак-2»-р нэхъ зэIухауэ мэджэгу. Абы езым къыхудагъэкIми, хуэдитIым нэблагъэкIэ нэхъыбэу жэуап иретыжыф. ИкIи ар щIэбгъэщIэгъуэн щыIэкъым: мэзкуудэсхэм премьер-лигэм щаIэ гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэм пашэныгъэр щиIыгъщ, апхуэдэуи абы пIалъэкIэ хамыгъэхьэхэм «Спартак-2»-м зыкъыщагъэлъэгъуэну Iэмал ират. Къапщтэмэ, налшыкдэсхэм щаIущIэнум ирихьэлIэу ди хьэрхуэрэгъухэм загъэлъэщащ Оренбург щытекIуауэ къикIыжа гуп нэхъыщхьэм зэкIэ къахуэмысэбэпа икIи абы къыхэкIыу зызыгъэпсэхуахэу гъуащхьэтет ПесьяковымкIэ, гъуащхьэхъумэхэу КутинымырэПуцкокIэрэ, гъуащхьауэ Мелкадзе сымэкIэ. Ахэращ ди хьэрхуэрэгъухэм ящыщу мы зэIущIэм щынэхъыфIари.

Мэзкуурэ Налшыкрэ я «Спартак»-хэм я зэпэщIэтыныгъэр хуабжьу гуащIэ хъуащ. Я стадионым сыт щыгъуи щытекIуэу еса хэгъэрейхэр занщIу ипэкIэ кIуэтащ, арщхьэкIэ ди щIалэхэр абыхэм ерыщу къапэуващ. Еянэ дакъикъэм Давыдовыр щхьэмыгъазэу «Спартак-Налшыкым» и штрафнойм илъэдащ. АрщхьэкIэ ди гъуащхьэхъумэм ар къигъэувыIэну хузэфIэкIащ. Мыгувэу налшыкдэсхэм абы хуэфэщэн жэуап иратащ икIи Войновыр зэуа топыр зы мащIэкIэщ гъуэм зэрыхуэмызар.

Бжыгъэр къызэIуахыным пэгъунэгъу дыдэ хъуат джэгум и япэ Iыхьэм икухэм. Кутиным къыхита топым Денисовыр лъэщу еуащ. Ди насыпти, Антиповым абы къригъэгъэзэну хузэфIэкIащ. ИужькIэ Федчукрэ Самсоновымрэ къызэуа топхэми ар къигъэдзыхакъым.

Джэгум и етIуанэ Iыхьэри зэшыгъуэу щытакъым. Къапщтэмэ, 69-нэ дакъикъэм Мелкадзе зэуа топыр «Спартак-Налшыкым» и гъуащхьэм техуэри, къэлъеижащ. Ди щIалэхэми Iэмал гъуэзэджэ зыбжанэ яIащ. АрщхьэкIэ зэрытемыгъэкIуауэ, бжыгъэри къызэIуамыхауэ джэгур иухащ. Абы ипкъ иткIэ зэпэщIэта командэхэр здэщыта увыпIэхэм къыщынэжащ икIи нэхъ мащIэ дыдэрэ (9) къыхэжаныкIа гупу налшыкдэсхэр къэнащ.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и япэ дивизионым щекIуэкI зэхьэзэхуэм ипкъ иткIэ зэхэтыну къыкIэлъыкIуэ джэгугъуэри «Спартак-Налшыкым» и дежкIэ зэрымытыншынур наIуэщ. Блыщхьэ къакIуэ, фокIадэм и 26-м, абы кърагъэблэгъэнущ зэхьэзэхуэм бжыпэр щызыIыгъ Мэзкуу и «Динамо»-м зы очкокIэ фIэкIа къыкIэрымыху Ленинград областым и «Тосно» командэр. Ди лъахэгъу Абазэ Руслан зи гъуащхьэхъумэ хьэщIэхэр хущIэкъунущ Налшыки текIуэныгъэр щызэIэрагъэхьэну.

Ещанэ увыпIэм нэс зэуэ дэкIуэтеящ «Шинник»-р. Краснодар щыIэу зи Iуэхухэр кIуэ пэтми нэхъ зэIыхьэ «Кубань»-м ар зэрытекIуам апхуэдэ пщIэ къыпэкIуащ.

Иужь дыдэ увыпIэр, икIэм-икIэжым, ибгынащ «Луч-Энергия»-м. Налшык щытекIуауэ игъэзэжа иужькIэ абы хигъэщIащ Нижнекамск и «Нефтехимик»-ри.

АдэкIэ фыщыдгъэгъуэзэнщ япэ дивизионым иужьу щызэхэта зэIущIэхэм къарикIуа бжыгъэхэм. Мис ахэр: «**СКА-Хабаровск**» (Хабаровск) - «**Балтика**» (Калининград) - **0**:**0**, «Сибирь» (Новосибирск) - «**Енисей**» (Красноярск) - **1**:**1**, «**Луч-Энергия**» (Владивосток) - «**Нефтехимик**» (Нижнекамск) - **1**:**0**, «**Тамбов**» (Тамбов) - «**Зенит-2**» (Санкт-Петербург) - **0**:**0**, «**Тосно**» (Ленинград область) - «**Волгарь**» (Астрахань) - **3**:**0**, «**Мордовия**» (Саранск) - «**Тюмень**» (Тюмень) -**1**:**1**, «**Факел**» (Воронеж) - «**Сокол**» (Саратов) - 1:2, «**Кубань**» (Краснодар) - «**Шинник**» (Ярославль) - **0**:**1**.

«Химки» (Химки) - «Динамо» (Мэзкуу) зэIущIэр ягъэIэпхъуащ.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр «Спартак-Налшыкым» пщэдей иригъэкIуэкIынущ. Урысей Федерацэм футболымкIэ и кубокыр къэхьыным и зэхьэзэхуэм и финалым и 1/16-нэ Iыхьэм ди щIалэхэм къыщрагъэблэгъэнущ премьер-лигэм щыпашэхэм ящыщ зы икIи Европэм и лигэм ехъулIэныгъэкIэ щыджэгу «Краснодар»-р.

**ЖЫЛАСЭ Заурбэч.**

*Урысей Федерацэм футболымкIэ и япэ дивизионым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр*

| | Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **1.** | **«Динамо»** | **12** | **9** | **2** | **1** | **25-10** | **29** |
| **2.** | **«Тосно»** | **13** | **8** | **4** | **1** | **21-9** | **28** |
| **3.** | **«Шинник»** | **13** | **6** | **4** | **3** | **15-8** | **22** |
| **4.** | **«Спартак-2»** | **13** | **6** | **4** | **3** | **21-12** | **22** |
| 5. | «Факел» | 13 | 6 | 4 | 3 | 18-12 | 22 |
| 6. | «Зенит-2» | 13 | 5 | 6 | 2 | 15-12 | 21 |
| 7. | «Волгарь» | 13 | 6 | 2 | 5 | 16-18 | 20 |
| 8. | «СКА-Хабаровск» | 13 | 5 | 5 | 3 | 16-14 | 20 |
| 9. | «Енисей» | 13 | 5 | 3 | 5 | 11-13 | 18 |
| 10. | «Тюмень» | 13 | 4 | 3 | 6 | 14-18 | 15 |
| **11.** | **«Спартак-Налшык»** | **13** | **3** | **6** | **4** | **9-10** | **15** |
| 12. | «Тамбов» | 13 | 3 | 5 | 5 | 11-14 | 14 |
| 13. | «Сибирь» | 13 | 2 | 8 | 3 | 11-13 | 14 |
| 14. | «Сокол» | 13 | 2 | 7 | 4 | 12-14 | 13 |
| 15. | «Кубань» | 13 | 2 | 7 | 4 | 11-13 | 13 |
| **16.** | **«Луч-Энергия»** | **13** | **3** | **3** | **7** | **10-17** | **12** |
| **17.** | **«Нефтехимик»** | **13** | **3** | **3** | **7** | **10-19** | **12** |
| **18.** | **«Мордовия»** | **13** | **3** | **3** | **7** | **12-13** | **12** |
| **19.** | **«Химки»** | **13** | **2** | **5** | **5** | **10-19** | **11** |
| **20.** | **«Балтика»** | **13** | **2** | **4** | **7** | **8-15** | **10** |

## IэщIагъэр зыгъэдахэ

**ГуфIэгъуэрэ лъагъуныгъэрэ зи пшынэ макъым къизыгъэкIыу илъэс 40-м щIигъукIэ гъуазджэм, цIыхубэм хуэлэжьа Уэрэзей Лидэ ящыщщ «Кабардинка»-р гъащIэ зыхуэхъуахэм.**

ЛИДЭ 1937 гъэм Дей къуажэм къыщалъхуащ. Пшынэ еуэным зэрысабийрэ хуэнэхъуеиншэ хъыджэбзым IэщIагъэр адэанэм къыщыпаубыдми, абы куэд щIауэ псори ибзри игъэтIылъыжат. Лидэ цIыкIу хадэм зыщигъэпщкIуурэ нартыху хьэсэм махуэ псокIэ пшынэм щеуэрт. ЩIамыдэр гурыIуэгъуэт: а зэманым нэхъыжьхэр хуейтэкъым я пщащэхэр къалэм еджапIэ ягъэкIуэну. ИтIанэми, анэшхуэм къыщIэна адыгэ пшынэ цIыкIур Лидэ дежкIэ лъапIэт, фызыжьыр абы еуэу зэхимыхами, ижь къыщIихуа хъуащ...

Школ нэужьым Уэрэзейм Тэрч къалэм дэт ЩэнхабзэмкIэ унэм лэжьэн щыщIидзащ. 1960 гъэм щIыналъэм хуеблэгъащ Къэбэрдей-Балъкъэрым уэрэдымрэ къафэмкIэ и ансамблыр. Уэрэзей Лидэ и пшынэ еуэкIэр щызыхихым, къэфакIуэ гупым и балетмейстеру щыта Дашу Хьэшыр занщIэу хъыджэбзыр ансамблым щылэжьэну иригъэблэгъащ. Нэхъ гъэщIэгъуэнратэкъэ, ансамблым хыхьэ хъужыкъуэми, Лидэ зыщIэхъуэпсыр ар абы и къэфакIуэ хъунырт. АрщхьэкIэ, хъыджэбзым и зэчийр зытегъэпсар пшынэ еуэнырт...

1962 гъэм къыщыщIэдзауэ илъэсищкIэ Уэрэзейр щылэжьащ КъБКъУ-м и художественнэ самодеятельность «Кабардинка» зыфIащауэ щытам. 1965 гъэм уэрэдымрэ къафэмкIэ къэрал ансамблым и хорыр Къэбэрдей-Балъкъэр радиом иратыжа нэужь, къагъэщIэрэщIэжа къэфакIуэ гупым (Аронов Евгенийрэ Ульбашев Мутайрэ я унафэщIу) и ехъулIэныгъэхэм прагъэщащ. Лидэ яхэтащ а Iуэхум зи гуащIэ хэзылъхьахэм.

- Унэм дыщыщIэсыр мащIэт. Мазэм концерт 25-р Iэмал имыIэу ттырт. Пщэдджыжь, пщыхьэщхьэ диIэтэкъым - дылажьэрт, ди зэфIэкIым зэрыхэдгъэхъуэным дыхущIэкъурт, - игу къегъэкIыж пшынауэм. - Щэбэтхэмрэ тхьэмахуэхэмрэ зыгъэпсэхупIэхэм зыкъыщыдгъэлъагъуэрт. Районхэм дыщыкIуэкIэ и нэхъыбапIэм клуб ямыгъэплъхэм дыщIэсын хуей хъурт, уеблэмэ къэфакIуэхэм зыщахуапэр автобысрауэ. ИтIани щIалэгъуалэр я псэ еблэжыртэкъым, я IэщIагъэм я гур етати, цIыхухэри гуапэу къытIущIэрт.

Апхуэдэ лэжьэкIэм унагъуэр дебгъэкIун е унагъуэр абы тебгъэхуэн жыхуэпIэр зэрыгугъу дыдэр дощIэ. Лидэ зэрыжиIэмкIэ, и хъыджэбз нэхъыщIэ Эля нэхъыжьым, Ритэ, и куэщIым ирипIыкIауэ аращ. Хъыджэбзит Iым я зэхуаку илъэс 16 зэрыдэлъым и зы фIагъыу ар къыщIэкIат.

1968 гъэм Лидэ ансамблым хэту илъэгъуащ Мароккэр, Алжирыр, Тунисыр, Ливиер, кIэлъыкIуэу Латин Америкэр, Польшэр, Германиер, Чехославакиер, Сириер, Иорданиер, Бразилиер.

- Атлантикэ хым зыщыдгъэпскIащ, хьэндыркъуакъуэл дэзыгъэшхаи къахэкIащ (Iэнэм къытхутрагъэувар зищIысыр тщIэртэкъым, къыщыджаIам дыкъызэIыхьэ пэтат). Апхуэдэхэри къытщыщIт, арщхьэкIэ дэнэкIэ дыкIуами пщIэ къытхуащIащ, хамэ къэралхэм дыщыщыIэхэм я газетхэм увыIэгъуэр ямыIэу ди пщIэр яIэту къыттетхыхьт. Аргентинэм дыщыIэу дызыIууа мыпхуэдэ зы Iуэхуи сигу къокIыж: Буэнос-Айрес фестиваль гуэр щекIуэкIыу дыхэтын хуей хъуащ, ауэ ди макъамэмрэ къафэмрэ, зэрыхабзэм хуэдэу, занщIэу япхъуэтакъым. Зэман дэкIын хуеящ ахэр къыдэсэным. Махуэ зыбжанэкIэ апхуэдэу екIуэкIащ, дезыгъэблэгъа импресариор гузэвэжари хэлъу. АрщхьэкIэ, икIэм-икIэжым, ансамблым абыхэм я гулъытэри я псэри къихьэхуфащ, мазэм нэблагъэкIэ дыкъамыутIыпщыжу концерт гукъинэжхэр абы щыттащ.

«Кабардинка»-м Уэрэзей Лидэ къыхэкIыжа иужькIи Iуэхуншэу щысакъым, иджыри илъэс 25-кIэ ар щылэжьащ курыт школхэм я къэфакIуэ гупхэм, Кэнжэ жылагъуэм и сабий садымрэ ЩэнхабзэмкIэ унэмрэ. Абы пшынауэ IэщIагъэр игъэдэхащ, игъэбжьыфIащ.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

## Лъагъуэхэш

**2014 гъэм илъэс 50 ирикъуащ ди лъэпкъэгъухэм ящыщу япэ дыдэу Iэпщэ Александр футболымкIэ Совет Союзым и чемпион зэрыхъурэ. КъыкIэлъыкIуэ гъэм апхуэдиз дыдэ ирикъуащ ар зи пашэ «Налшык-Спартакыр» Урысей Федерацэм щекIуэкIа зэхьэзэхуэм зэи къэмыхъуауэ зэрыщытекIуэрэ. Мы Iуэхугъуэхэр Iэтауэ щагъэлъапIащ Къэбэрдей-Балъкъэрми Куржыми я къалащхьэхэм. ТопджэгумкIэ адыгэхэм ди лъагъуэхэш Iэпщэ Александр теухуа псалъэ гуапэ куэд абыхэм щыжаIащ икIи фIыкIэ ягу къагъэкIыжащ.**

АДЫГЭХЭМ ижь-ижьыж лъандэрэ къадэгъуэгурыкIуэ шыгъажэм, бэнэкIэм, бжы дзыным, шабзэ гъэуэным, нэгъуэщI спорт лIэужьыгъуэхэми хэмыхьэ, ауэ иужьрей илъэсищэм дуней псом зи лъэр щызыгъэбыда топджэгум ди лъэпкъэгъухэм я деж зыщиужьынымкIэ мыхьэнэшхуэ дыдэ игъэзэщIащ блэкIа лIэщIыгъуэм и 30 гъэхэм и кIэу-хым Къызбрун Езанэ (иджы ХьэтIохъущыкъуей Ищхъэрэ) къуажэм къыщалъхуа Iэпщэ Александр. Ар ящыщащ къэралым щекIуэкI зэхьэзэхуэм хэтын папщIэ 1959 гъэм япэ дыдэу ди республикэм къыщызэрагъэпэща «Спартак» футбол командэм хагъэхьахэм.

Къызэрыхэдгъэщащи, Iэпщэ Александрщ зэи къэмыхъуауэ дэ тщыщу Совет Союзым и чемпион хъууэ 1964 гъэм «СССР-м спортымкIэ и мастер» цIэр къызыфIащар. Аращ Налшык и «Спартак»-м и пашэу щытар къыкIэлъыкIуэ 1965 гъэм япэ дыдэу ди командэр Урысей Федерацэм и чемпион щыхъуам.

Iэпщэ Александр къыхуихуащ Совет Союзым и футболист цIэрыIуэхэм я гъусэу джэгун. Абы и гъусэу Мэзкуу и «Динамо»-м и фащэр ящыгъыу джэгупIэ губгъуэм къихьэрт дуней псом пщIэшхуэ щызиIэ гъуащхьэтет Яшиныр, къэралым и командэ къыхэхам хэтхэу Соловьёвыр, Царёвыр, Кесаревыр, Численкэ сымэ. ИужькIэ ар гъусэ яхуэхъуащ куржы футболист гъуэзэджэхэу Месхи, Метревели, Сечинавэ, Баркая, Яманидзе, нэгъуэщIхэми. Сыт хуэдэ гуп хэхуами абы и пщIэр лъагэу, къызыхэкIа лъэпкъыр щымыгъупщэу ирихьэкIащ. Совет футболым и тхыдэм Iэпщэр къыхэнащ топыр IэкIэ нэхъ жыжьэ дыдэу къыдэзыдзыфу. Абы теухуа тхыгъэхэр куэду дунейм къытехьащ икIи топджэгу ныбжьыщIэхэр щагъэхьэзыр школхэм а Iэмалыр щрагъащIэ хъуащ, зэрагъасэ тхылъхэм иратхэри.

Футболым къыхэкIыжа иужькIэ Iэпщэ Александр Налшык и «Спартак» командэм и тренер нэхъыщхьэ хъуащ. АдэкIэ илъэс куэдкIэ сабийхэм ядэлажьащ. А IэнатIэхэми ехъулIэныгъэфIхэр щиIащ икIи «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм физическэ щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр къыфIащащ.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

## ЛIэщIыгъуэ ныкъуэм щIигъуауэ

**● Щапхъэ**

**Къэбэрдей-Балъкъэрми Урысей Федерацэми я спорт бэнэкIэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIахэм ящыщщ Бахъсэн къалэ дэс алыджурым, бэнэкIэ хуит, бгырыпх бэнэкIэхэмкIэ СССР-мрэ РСФСР-мрэ спортым и мастер, РСФСР-м щIыхь зиIэ и тренер ЗекIуэрей Николай.**

ЗекIуэрей Николай

СОВЕТ СОЮЗЫМ хыхьэу щыта Кадиевкэ, Львов, къищынэмыщIауэ Ленинград къалэхэм щызэхэта къэралпсо зэхьэзэхуэхэм зыбжанэрэ пашэ щыхъуа ЗекIуэрей Николай илъэс 28 ныбжьым иту тренер лэжьыгъэм зритащ. 1966 гъэм къыщыщIэдзауэ адыгэ щIалэм игъэхьэзыращ СССР-м и чемпиону 8, дунейпсо зэхьэзэхуэ хэм пашэныгъэр къыщызыхьахэу 5, Европэм и чемпионрэ дыжьын медалрэ къэзыхьахэу спортсменитI. Тренер лэжьыгъэм зэрыпэрыхьэрэ абы къигъэхъуащ СССР-мрэ Урысеймрэ спортымкIэ и мастеру 66-рэ, спортым и мастерым и кандидату 260-рэ, дунейпсо класс зиIэ спортым и мастеру 2.

1970 гъэм къыщыщIэдзауэ 1991 гъэ пщIондэ ЗекIуэрейр щытащ «Трудовые резервы» спорт зэгухьэныгъэм и тренер нэхъыжьу. А зэманым къриубыдэу абы и гъэсэнхэм къагъэлъэгъуа зэфIэкI лъагэхэм я фIыгъэкIэ Николай зыбжанэрэ къыхуагъэфэщащ «Трудовые резервы» спорт зэгухьэныгъэм и республикэ, къэралпсо советхэм къабэгъэдэкI щIыхь тхылъхэр.

Илъэс 78-рэ зи ныбжь ЗекIуэрей Николай ноби и тренер лэжьыгъэм къыпэрыкIакъым. ЛIэщIыгъуэ ныкъуэм щIигъуауэ ныбжьыщIэхэр бэнэкIэм хуэзыгъасэ ди лъэпкъэгъум иджыри егъэхьэзыр къэралпсо зэхьэзэхуэхэм ехъулIэныгъэшхуэхэр щызыIэрызыгъэхьа спортсмен ныбжьыщIэхэр.

**КЪЭХЪУН Бэч.**

**Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр къыщыдэкIынур фокIадэм и 22-рщ.**


Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр
**ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ - жэуап зыхь секретарь), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).



КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10
Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.
«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Ленинным и уэрам, 33

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **ДыщэкI Соня,** *редактору* **Лъостэн Музэ,** *корректорхэу* **ЩхьэщэмыщI Изэ** *(3, 4-нэ нап.),* **ПхытIыкI Азэмэт** *(1, 2-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Мариannэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Къарей Элинэщ.**
Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр 51531 ● Тираж 3.538 ● Заказ №1479